ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№205 (21.863) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Сурэтыр **ІЭХЪУЭБЭЧ Хьэрэ́Іил** *трихащ.*

Ныбжьыщ Іэ мин 30 къызэщ Іиубыдэу

«Къэбэрдей-Балькъэрым и щІалэгъуалэ (2009 - 2015 гъэхэр» республикэ программэр гъэзэщІа зэрыхъум КЪБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жыларгъуэ зэгухьныгъэхэм, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я Гуэхуэхэмкіэ и комитетым и зэІущІэм щытепсэлъыхьыр.

КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и министрым и щалэнэрэ зыгъэзащІэ **Пашты Борис** комитетым хэтхэм яжриІащ а программэр лъэхъэнитІым тещІыхьауэ ягъэзэщІэну зэрамурадыр. 2009 - 2011 гъэхэм щІалэгъуалэм нэхъ купщІафІэу зэрадэлэжьэну Іэмалхэр, ныбжьыщІэхэр зыхуейзыхуэфІкэр зэрагъэІущынущ, щІалэхэмрэ зыхэт зэІущІэхэр къызэрагъэпэщынущ, республикэм щІалэгъуалэ политикэр щыпхыгъэхЫнымкІэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэм кьыпэкІуэр къапщытэщ.

2012 - 2015 гъэхэм зэфІагъэкІынущ щІалэгъуалэр жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ лэжьыгъэм хэщэным, ди гъащІэм кьемызэгъ Іуэхуэхэм пэщІэгъувэным, ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэхэм, щІалэ, хьыдэжэбэ акЫлыфІэхэм ядэ-Іэпыкъуным егъэщІылІа Іуэхуэхэр.

Программэр зытещІыхьар щІалэгъуалэм гъэзгу епхырщ. Пашты Борис и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ар эхалъхьащ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ, я нэхъ мащІэрамэ, я проценти 10 - 15-р зигугъу тщІы лэжьыгъэм хашэну я мураду. Нэгъэущу жыпІэмэ, программэр зыгъэзащІэнэхэр щІыху мин 30-м - республикэм щІалэу, хьыджэбзу щыпсэухэм я процент 12-м нэблагъэм - нэхъэр нэхъ мащІэ хъунукъым.

Программэм ипкъ иткІэ, 2010 гъэм и мазищІым Іуэху зэмылІэужьыгъуэ дыдэхэу 300-м нэс ирагъэкІуэкІащ. Ахэр нэхъыбэу зытрауухэр ныбжьыщІэхэр фадэм, афиянымэ, щІэпхъаджагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхъумэнырщ.

Дыдэрэт илъэсым нэхъ Іуэхуэшхуэ дыдэу зэфІагъэкІа-хэм ящыщщ «Урысей студент гъатхэ-2010» фестивалыр. Абы хэтащ УФ-м и щІалэнаІуэ 50-рэ Осетие Ипщэ Республикэмрэ я ЛыкІуэхэу 1500-рэ.

ИтІъсым и пэм «Къэрал сыхьэт» лэжьыгъэр яублащ. Ар хуэгъэзащ къэрал властым и Іуэхущ Іапі Іэхэр щІалэгъуалэм яхуэзІухуэу щытыным. Парламентым и комитетым и унафэщІ **Хьэпхьуэжь Татьянэ** апхуэдэ зэІущІэ хэтащ. Абы къызэхуэсахэм жкриащ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Пашты Борис адэкІэ тепсэлъыхьащ Хьэрычэтыщ Іэ лэжьыгъэм и урысейпсо щалэгъуалэ школым и республикэ къудамэ къызэрагъэпэщыну зэрамурадыр. Абы мыхьэнэшхуэ иІэнущ Къэбэрдей-Балькъэрым папщІэ зэфІэкІ зиІэ ІэщІагъэлІэхэр ягъэхьэзырын и лъэныкъуэкІэ.

Ежьащ Іуэхуэ, ежьащ гъэшхуэ, къэхутакІуэ, хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэр инноваци лэжьыгъэм нэхъ жыдэхэр, хашэн папщІэ, я мурадщ 2010 гъэм и щэкІуэгъэм инноваци проектхэм я «Конвент-2010» Урысейпсо щІалэгъуалэ зэпеуэм Кавказ Ищхьэрэ федералъэ щІыналъэм егъэщІылІа и Іыхьэр ирагъэкІуэкІыну.

Министерствэм апхуэдэу лэжьыгъэхэр зэрыщІэкІуэкІащ сабийхэр мыхъумыщІагъэхэм щыхъумэным теухуауэ. Абыхэм ящыщщ «КъыджеІэ ажалыр щащэ щІыпІэр!», «Къэбэрдей-Балькъэрым наркотикхэр щремыІ!», «2010 гъэм и гъэмахуэ узыншэр» Іуэхуэр , нэгъэущІэхэр.

Къапэщыт кьалэнэрэ зэпэщІу зэфІагъэкІыным лъэпощхьэпо хуэхъу щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу Пашты Борис къыпытащ Іуэху куэд къызэщІэзыубыдэ программэр гъэзэщІэным ахъшэ мащІэ фІэкІа зэрыхуамыутІыпщыр. Абы къыхэкІащ зэфІагъэкІа Іуэхуэхэр гъэзэщІэным мыпху ирикъуу зэрытрамытэкІуэдэфар. мурад гуэрхэр къаззремыхьулІар. Уеблэмэ Программэм щыщ Іыхьэ зыбжанэ яхуэгъэзэщІэхэкъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, лэжьыгъэр йокІуэкІ икІи абы ІуэхуфІхэр кьроКІуэ. ХэщІхьэжь Татьянэ мы программэр нэхъ егугъуу щагъэзащІэ куейхэр зыхуэдэм щІэупщІати, Пашты Борис жиІащ Лэскэн, Прохладнэ районхэр зэрыларар.

УРЫСЭМЭБЗТЕлъ.
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

● Республикэм и куейхэм

Шэджэм

Ирагъаджэ, лэжьыгъэ кьыхуагъуэт

Шэджэм районым Щыхухэр Іэнатіэкіэ кьыззэрыгъэпэщ и центрым мы гъэм и щышІалэм дзжьапІэнщэу 1955-рэ щатхэу щытащ. Мазибгъэм кьриубыдэу пособие зратахэр 1283-рэ мэхьу.

ПРОГРАММЭ щкьэхуэхэм тету, Іэнатіэ кьэзылъыхьэхэм центрыр ядэІэпыкьуащ. Ежьащтэмэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым ныбжьыщІэ 376-м, Іуэхущ Іапі эр зэрызэхуащьыкам кьыхэкІыу кьыІуагъэкІахэм, бын куэд зиІэ анэхэм ящыщу 27-м піальэжІэ лэжьапІэ кьыхуагъуэтащ, 148-рэ Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъэхэм хурагъэджащ.

Нэгъэущ хэкІыпІэхэри кьагъэсэбэп. Апхуэдэщ, псом япэу, зи щхьэ Іуэху зезыхуэжхэм зэрызыщІагъэкьуар, ежьапІэр кьэзыухахэр Іэнатіэ кьызэрагъэгъуэзэр, районым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ жылагъуэ лэжьыгъэхэр кьызэрыщІэзрагъэпэщащ. Зи Іэнатіэ кьыдэзыхьыжину хуей лэжьапІэнщэхэм зэгурыІуэныгъэ 200 иращьылІащ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэу зезыгъэтхахэм субсидиехэр ираташ.

ЕжьапІэр кьэзыухауэ 23-рэ зрагъэгъэтэ Іэщ Іагъэм мазищкІэ хуагъэсащ, «Шэджэм мэз хозяйствэ» ГУ-м хуаІэ зэгурыІуэныгъэм тету, цыхуэ 18 жылагъуэ лэжьыгъэхэм хашащ.

АХЪИЙ Асият.

Дзэлыкъуэ

Унэгъащ Іэхэмэ ветеранхэмэ ядоІэпыкъу

«2012 гъэ щІопсэ кьуажэхэм социальнэу зэрызэужьынур». «ПсэупІэ» федералнэ программэ хэхахэр Дзэлыкъуэ районым щагъэзащІэ.

ПСЭУПІЭУ метр зэбгъуэзнатІэ 444-рэ кьращэхун папщІэ, сом мелуани 2-рэ мин 886-рэ кьызэрыІахыну тхьылъхэр унэгъащІэу 6-м нэгъабэ иратащ. Мелуанрэ мини 154, І-р социальнэ ахъшэщ, абы щыщу мин 894,66-р федеральнэ, мини 129,87-р республикэ, апхуэдизырэ районым бюджетхэм кьыхэкІащ.

Нобэ ирихьэлІэу куейм щатхащ псэупІэ ихуэхун е кьищэхун щхьэкІэ къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэзыкъуэу унагъэщІэу 39-рэ.

Район администрацэм псэупІэ Іуэхуэхэмкіэ и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэ Бырхьэн Андэ кьызэрыджІамкІэ, «2012 гъэ щІопсэ кьуажэхэм социальнэу зэрызэужьынур» программэм тету, зи кьащэхун е яухуэн папщІэ унэгъэщІэрэ Іэщ Іагъэлі щІалэу 12-м, апхуэдизу кьуажэдэсу 8-м мы гъэм сом мелуан 17-рэ мин 901-рэ хухахащ.

2002 - 2010 гъэхэм тещІыхьа «ПсэупІэ» ФЦП-м «УнэгъащІэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщын» и программэ гуэдзэм ипкъ иткІэ, сом зи мелуанрэ мин 440-кІэ унагъэнтІым ядэІэпыкьуащ.

Хэку зауэшхуэм и ветерану, хэкІуэдахэм я унагъуэхэм ящыщу, ныкьуэдыкьуэу, зауэм хэтауэ зи псэупІэхэр егъэфІэкІуэн хуейуэ 26-м сощальнэ ахъшэу сом мелуан 20-рэ мин 545-м щІигъу кьыІэрыІахыну тхьылъхэр ираташ.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

●ЗэІущІэхэр

Ди къэкІуэнур зыІэщІэлъхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и Щ Іалэгъуалэ правительствэр зэпымыууэ йолэжь лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным.

АПХУЭДЭУ, иджыблагъэ Налшык и 23-нэ курыт еджапІэм ЩІалэгъуалэ правительствэм кьыщызэІуихащ «Лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр зи лъабжьэ зыбаугъэхэр Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм щымыгъэІэн» зи фІэщыгъэщІэ проектым и етІуанэ Іыхьэр. Абы ипкъ иткІэ, ЩІалэгъуалэ правительствэм щыщхэр Іущ Іэнущ КъБР-м и куей псоми я еджакІуэ нэхъыжьхэм. Фигу кьэдгъэкІыжынщи, апхуэдэ зэІущІэрэ «СТІол хьурейрэ» нэхъэхтащ Прохладнэ кьалэм. Абы хэтащ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэр, дин лэжьакІуэхэр. КьищынэмыщІауэ, Пятигорск щыІэ къэрал бзэщІэныгъэ университетым (ди республикэм щыщ куэд щеджэм) зэгурыІуэныгъэ иращІылІащ лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ а еджапІэ нэхъыщхьэмрэ �щІалэгъуалэ правительствэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ.

Гъэмахуэм ЩІалэгъуалэ правительствэм Налшык щригъэкІуэкІащ мыслъымэн, чыристэн щІалэгъуалэм я зэІущІэ. Апхуэдэ зэхуэзэхэм мыхьэнэшхуэ яІэу кьалытащ икІи дин, лъэпкъ зэхущытыкІэфІхэм цІыхур нэхъ щІалэху нэхъ хуэгъэсэгъуафІэу зэрыщытыр наІуэ щыхъум, я гупэр курыт еджапІэхэм дежкІи ягъэзащ.

Налшык и 23-нэ курыт школым щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ министрым кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Пащты Борис**, Щэнхабзэмкіэ министерствэм и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэ **Герасимовэ Римэ**, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм и лэжьакІуэ **ДыщэкІ Бэлрэ**, КЪБР-м и мусылъымэн дин Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и кьуэдзэ **Сыжажэ Алим**, Майк кьалэм и члисэм и лэжьакІуэ **Самохин Михаил** сымэ.

А зэІущІэр егъэкІуэкІын хуейуэ псом япэ кьэзыгъэуавэр республикэм и щІалэгъуалэр дин экстремизмэм зэщІиубыдэу зэрыхуеижьарщ. ИкІи абы и лэжьыгъэм дин Іуэхущ Іапі эхэм кьикІахэр зэрыхэтам и фІыгъэкІэ, ежьакІуэхэм нэхъ Іупщ Іу гурагъэІуэфащ Іуэхур зыІутыр, экстремистхэм уакъыхэмыхутэн папщІэ лэжьыпхъэхэр.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым, ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІ **Щокъарэ Залинэ** кьыкитэщащ ди лэжьакІэр, сурэту яригъэлъэгъуащ зэрыІэщІэлъыр икІи ди пщэдей мамыру, нэхуу сыт хуэдизкІэ щытыными нобэрей щІалэгъуалэм зэрелъытар.

ЩІалэгъуалэ правительствэм и секретарь **Абазэ Бэлэ** ежьакІуэхэм яхуиІуэтащ щІалэгъуалэ власть кьудамэхэм я лэжьакІэр, сурэту яригъэлъэгъуащ щІалэгъуалэ министрхэм я кабинетыр зэлэжь Іуэхугъуэхэр. Курыт еджапІэм и унафэщІ **Джэрыджэ Суфян** зэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ ежьакІуэхэр лъэпкъ, дин зэпэщІэтыныгъэм, экстремизмэм щахъумэн папщІэ ялэжь Іуэхугъуэхэм.

ЩІалэгъуалэ правительствэм щыщхэу **Алэкъэй Атмирз Азаров Тимуррэ** тепсэлъыхьащ лъэпкъ, дин зэпыщІэныгъэу ди республикэм щыІэхэм.

- Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу лъэпкъхэр щыхэпсэуува тхьдэм кьыхэхуащхьэкІи, дяпэкІи а зэхущытыкІэр яхъумэну щІалэгъуалэмэ я кьалэнщ», - жиІащ Азаров Тимур.

ЗэІущІэм жыджэру хэтащ ежьакІуэхэр: упщІэ куэд хьэщІэхэм хуагъэувым кьыщыымынэу, езыхэмэ я Іуэху еплыкІэр кьаІуэтащ.

ЩІалэгъуалэ правительствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Щапхъэ зытрах

ЩІэныгъэм, медицинэм, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм щиІэ фІыщІэр, абыхэм зегъэужьынымкІэ зэфІигъэкІахэр щытыхьэрэ, Іуащ Іхьэмахуэ район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Атмурзаев Махъты ныжьыбдагъэ кьыхуагъэфащащ щыхъум и зэфІэкІыр зэрыгъэгъэм жылагъуэм гу лъегъэтэным зи гъэмыгъэр тегъуэда гъэпсыкІа академием и дамыгъэ гъэпІэр - Гиппократ и цІэр зезыхьэ орденыр.

АПХУЭДЭ пщІэ лъагэ къэзылэжьакъэр щагъэлъэпІащ. Москва дэт Президент-хъэщІэщым. УФ-м узыншагъэр хъумэныр социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэмрэ гъэпкъ академиемрэ я лЫкІуэхэм я къэпсэлъэныгъэхэм кьыхэщащ ди хэкуэгъу, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Атмурзаев Махъты Іэщ Іагъэлі нэсу зэрыщытыр, медицинэм, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм зиужьыным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищІар, ар дохутыр нэсым и щапхъэу зэрыщытыр.

Іущ Іащхьэмахуэ районым сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу ильэсикІкІэ и кьару емыблэжу зыныжьэкъым папщІэ. нэхъапэкІэ Атмурзаевым кьратауэ щытащ УФ-м Узыншагъэр хъумэныр социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэм я ліыкІуэхэм я къэпсэлъэныгъэхэм кьыхэщащ ди хэкуэгъу, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Атмурзаев Махъты Іэщ Іагъэлі нэсу зэрыщытыр, медицинэм, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм зиужьынымкІэ и министерствэм и Щ Іыхь тхьылъыр. 2007 гъэм абы кьыхуагъэфащащ «Урысейм и щІыхь тхьылъыр. Медалыр икІи абы и щІэр а фІэщыгъэр иІэу кьыдэкІа щІэныгъэзэмэ ихуащ.

ТАРИМ Алисэ.

Прохладнэ

И чэзум зэфІагъэкІ

2010 гъэм и пэщІэдзэхэм яубыхуа ПалъэрфІнымыщ Прохладнэ районым щыІэгъэрагъэпэщыжащ псэупІэ унэ куэд. Къат куэду зэтет унэ 12-м сом мелуан 30 хухахат.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР кьанэ щІагъуэ щымыІэу, «Росстрой» ООО-м кьрихьэлІащ. Унэхэм я теплъэр ирагъэфІкІуэм и мызакъуэу, абыхэм ящІэ ежьащІэ бжьамийхэри уэздыгъэ кІапсэхэри зыхуэІэщыт щыхуагъэзащ. Псом хузымдэу ухуакІуэхэр егугъуащ псы кьызыпхыкІыу щыта унащхьэхэм - абыхэм идкьырей кхъуэщынкэхэр хуэдэ-хэр тралъхьащ, дяпэ ильэс куэдкІэ унэм щІэсхэр щІэгуэзвэжьын щымыІэу.

Прохладнэ куейм кьущІрахьэлІа лэжьыгъэхэр зыхуэдэр мы зэманым кьапщІэтэ республикэм и псэупІэ инспекцэм и Іэщ Іагъэлі эм. ЩэкІуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм район администрацэм и гъэбелджылыпІэ дызытехьэ 2011 гъэм зэрагъэпэщыжын хуейуэ кьапэщыт унэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Гуауэм и зэранкІэ

«Антара» лъэпкъ хьыбарегъащІэ агентствэм кьызэритымкІэ, Индонезием и президент Бампанг Сусилэ дыгъуасэ Вьетнамым кьикІыжри и хэкуэм ехьыгъэ-зэжащ. Ар абы къэрал Іуэхуэкіэ кІуат. Ипщэ-Къуэкьыпіэ Азием и къэралхэм я Ассоциацэм пригъэкІуэкІ зэІущІэхэм хэтын папщІэ.

ХьатІыгу минищу зэхэль къэралым и унафэщІым икІэщІыпІэкІэ и хэку къигъэзэжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Ментавэй хьатІыгухэм цунами къаззэрытеуар. Сумарэ хьІуфэм и кьуэхьІпІэмкІэ щІэ хьатІыгухэм а гуауэр кьыщІихьауащ вэсэмахуэ жэщым, Мерапи вулканыр «къэушу» щІыр кьигъэхьея нэужь. Индонезием и хьатІыгу нэхъыщхьэм - Явэ - щІыхуп 140-рэ щыхэкІуэдащ, щэ бжьыгъэхэр хьыбарыншэу кІуэдащ.

Джакартэ щыкІуэжкІэ, Индонезием и президентыр Ментавэ кьыщыІэзэтеувыІэнэщ, гуауэр къэзыхьа кьэхъукъащІэм и Іэуэкъэр зыхуэдэр зригъэлъагъунущ, цІыхухэм властыр зэрыдэІэпыкъу щІыкІэр кьипщытэнущ.

Президентыр зи Іэтащхьэ щытын хуея лЫкІуэхэм я унафэ Хавое щищІынущ экономикэмкІэ министр Раджас Хатэ.

Мафиер ажалыншэ?

«Ассошиэйтед Пресс» хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эм кьызэритымкІэ, Мексикэм и щхьэгъэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ кьалэ цыхуэхэм ящыщ зым и полицэм щылажьэ псоми зэуэ дыгъуасэ лъэІу тхылъ ятхри, лэжьапІэм Іуэхуэкіэ, полицэм и унэм кьахуэмыщІыхуа гуп кьытеуа нэужь.

Мексикэм и ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ наркотик эщІэ гупхэр апхуэдизкІэ щІыпэрызехьэщ, зауэлІ гупхэри яІэжщ. Ахэращ полицэм и унэм кьытеуари.

Экспертхэм зэрыжаІэмкІэ, Мексикэм кьрашурэ ильэс кьэс США-м, Европэм, Азием ягъэІэпхъуэ доллар мелард 40 и уасэ наркотик. 2006 гъэм щыщІэдзауэ щІэпхьаджащэ гуп кьыззэгъэпэщахэмрэ наркомафиемрэ Мексикэм щаухІащ цыхуэ мин 28-рэ. А къэралым и президент Кальдерон Филипе кьулыкъым зэрытеувэу, а гупхэм зауэ ярищІылІащ. Аршьхэкіэ, къэралі кьулыкъущІэхэм Іулъхьэ Іахьыгуэ мафием кьызэрыдэщІым кьыхэкІыу, президентым дзэм фІэкІа нэгъуэщІ кьару тэмэму кьыхуэгъэсэбэпкъым. Аращ США-мрэ Мексикэмрэ я къэрал гунапкъэм иджыри зауэлІ мин 60 щІигъэкІуар.

Мыльку Іуэхум хуэкІуэжри

«Уолл стрит джорнал» газетым зэритхымкІэ, Инджылызым и «Гласс» фармацевт Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ Икарт Черил доллар мелуан 96-рэ иратынущ, хущхуэу зыбжанэ кьызэрыщІэкІа гъэкІым хальхьэ хьылдэсым и Іуэхыбар абы США-м и властым зэрыригъэщІам пагъэкІуэж саугъэту.

Америкэм и законхэм кьитІасэу ятаахьщэ саугъэтэхэм щыщу ар нэхъ ин дыдэщ. Хущхуэм и фІагъыр кьэзыщІытэ менеджеру лажьэ Икарт Черил «Гласс» компанием Пуэрто-Рикэ щиІэ заводым мардэхэм кьымытІасэ хущхьуэ кьыщыщІигъэжІыну кьыщищІэм, диабет зэуэхэм ар зэран зэрахуэхьунур кьильытэри, США-м и кьулыкъущІэхэм Іуэхуэр зыІутымкІэ хьыбар яригъэщІащ. Уголовнэ Іуэху кьалэтэ нэужь, «Гласс» компанием Іуэхуэр мамыру зэфІэкІыным доллар мелуан 750-рэ щІитащ. США-м апхуэдэ щыкІэкІэ Іэрыхьащ и хьыбарегъащІэр зэгурыІэфІэжыну ахъшэ «ТІэкІур» кьызыхихын мыльку.

НФТЭ

◆ Чех Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщІ - 1918 гъэм къэрал щхьэхуэ кьызэрагъэпэщащ.

◆ Алыджэмрэ Кипримрэ «Охи» лъэпкъ махуэр щагъэлъапІэ - 1940 гъэм фашистхэм я щІыналъэр зэрафыщІам ебэным зэрыщІадзэрэ ильэс 70 ирокъу.

◆ **Урысейм и ВВС-м и махуэщ**

◆ Жэпуэгъуэм и 28 - 29-хэм Брюссель (Бельгие) щызэІущІэнущ Евросоюзым хэт къэралхэм я ЛЫщхьэхэмрэ я правительствэхэм я унафэщІэхэр.

◆ 1900 гъэм кьалъхуащ адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа икІи и класик **Щоджэнцыкіу Алий.** 1941 гъэм Бобруйск щыІа нэмыцІэ гъэрыпІэм икІуэдащ.

Плэнэлэр зыгъэхьэзырыр ГЪУЩІО Зарифи.

Лъэпкъ Іущ Іагъэ:

Уэсэпс нэхърэ, пщІэнтІэпс нэхъ бейщ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэнІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі эр псоми.

Ди индексыр 51531

Пуапсэ куейм зыщІагъакъуэ

АДЫГЕЙ. ***Краснодар крайм кьыщІэуа псыдэзэм зэрныгъэшхуэ кьызыхуихьа Пуапсэ районым Тхьэкіыцыпэ Астъэнджэрий и унафэкІэ щыІаш президентымрэ министрхэм я кабинетымрэ я администраци и кьуэдзэ Мэшлокъу Хьэмидрэ республикэм и дІыкІуэу Краснодар крайм щыІэ Щхьэпщэжьыкъу Асльэнрэ зыхэт гуп.***

РАЙОНЫМ и лЫкІуэ Хьущт Мажид ящІыгъуу абыхэм щыІуагъэ защІащ Пуапсэ куейм хьхъэ Георгиевскэ жылагъуэм псыдзэм кьыхуихьа зэрарыгъэм. ЗыгтекІуэхэм кьрикІуаэхэм, Іуэхуэр зыІутым Адыгеим и президентыр щыгъуазэ ящІащ икІи лей зытехьаэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ мылъку зэхуахьэсыну унафэ кьащтащ.

Жэщ-махуэ ямыІэу

Нужь зэманым дуней уэтІысыпІу зэрыщытым бжьыхьэ-зэжьыгъэр кІыхьлІыхь ящІащ. Абы кьыхэкІыу Адыгеим и премьер-министрым мэкъумэшыщІэм кьалэн щищІащ. Іэнатіэм зэрагъэгъуэгу жэуап яхьын хуейщ», - щыжиІащ абы Бэгъэлиц Сергей.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІым ту пьарипэтэщІ лъныкъуэнтІми дзыхь зэхуащІын зэрыхуейм. Абхъаз лъэныкъуэм щыщу урысей гъунапкъэхъумэхэм ящыІыгъу Іэмэ-зэ гупри яубыхуащ. Бэгъэпщым кьыкъэрыхитэщамкІэ, гъунапкъэм кьалэн щызыщІэну хуейхэм лэжьыгъэ я куэдщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Къызэрыгуэкі дыдэт

●Ар зэрыщытар

1960 гъэм и фокІадэм США-м и Іуфэхэм кІуэну ежьащ. «Балтикэм» къыуІэкІыжыр. Абы ист цІыкІуэм 156-рэ - СССР-м, Украинэм, Белоруссием, Болгарием, Румынием я лІыкІуэхэу ООН-м и Ассамблее Нэхрыщхьэм и XV сессием кІуэхэр. «Мамырыгъэм и гъэдэуэ техауэ а заманым къыдыгащ Нью-Йорк кІуэ къхъуэхыр.

ХРУЩЕВ Никитэ махуэхэр мыпхуэдэу игъаІуэрт: пщэдджыжьым сыхьэти 6-м къэтэджырт, капитаным и деж кІуэрт, Іуэхур зыІутыр зригъащІэрт. ИужькІэ: «АтІэ зэран сыфхуэхъункъым» жиІэрти, къыІуэкІыжырт, кьиІуэкІыжырт. Сыт щыгъуи абы и ужь итт щхьэхъуитІ. Хрущев ар игу ирихьыр тэкъым, и нэщхъыр зыхуэзэхиуКІэрт.

СССР-м и Іэтащхьэр зыгъашхэ Іэнэзекъуэр гуфІэрт «гукъыдэжьыІ къезыт пщащхэху» эзраржиІэм пащІэ. Хрущев жиІэрт ерыскъы ІэфІ эзритъэхъэыьрам пащІэ пщафІэ ЗэнэзекъуэкІэм езым и цІэкІэ фІыщІэ хуащІыну.

Пщыхьэщхьэ гуэрым кхъухьым и экипажым лІыКІуэхэм я пащхьэм концерт щитащ. УэрэджьІакІуэ гупым Хрущевым фІыуэ ихьагъу «Рушничок» уэрэдыр игъэзэщІащ. Концертыр ихуат, ауэ зэбгрыкІыжыну зыри пІащІэрт-тэкъым.

- ЩІалэгъуалэр кърефэ! - къыхилъхьащ Хрущев.

- Къызэуэса псори Іэгу

●Эстоние

Дзэ лъэрымыхь

Европэм дзэ нэхъ лъэрымыхь лыдэу щызыІэр Эстонерр. (Урысейм яІэ увыпІэр щыІыгр). Сыт ар къызыхэкІар? ЩалъэкІыхьКІэ а къэралым и прессым иБзыщІащ дзэм льэмкъ зэхуэмыдэкІэ зэрыщыгъэувам и Іуэхур. Ауэ пэжыр зэпымыуэу пхущІэфынукъым.

ЭСТОНЫДЗЭМ къулыкъу щезыхьэкІа урыс щІалэхэм я псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абы ираджэ эстоныбзэм зыри хэзымыщІыкІэкІэр. Апхуэдэ щІалэхэр, кІапщІэмэ, щыкуэдщ урысыбзэрыпсалъэ Нарвэ. Абы щыгъуэми, а къэралым ІэщэкІэ зэщІэуэзда и унафэ щащІу ядэркъым.

Араущ, урысхэм кІащощхьэ сержантхэмрэ лейтенантхэмрэ: «Эстоием фыщопсэури, ди бзэр фщІэн хуейщ». Іуэхур лейм хуокІуэ. А щхьэусыгъуэм яІэ щІыкІэ эстонибзэ зэзыгъэщІэну хуеяхэми я гукъыдэжьыр яІэпеуд: урысхэм щхьэхуэ защІ - лъэпкъэ зэмылІэужьыкІуэхэм ящыщхэр зэхьыхэрыьм.

ЭстонибзэкІэ закъыхуэзыгъаз сержантхэм я унафэхэр урысхэм ягъэзащІэркъым. Сэлэтхэм урысыбзэкІэ жаІэ: «Сэ къызэгурыІуэркъым уэ уэзгуэлІэр». Абы щыхэкІыу къыгталъхьэ тезырхэр зэхуэдэкъым: лъэгум уилъу ИгІКІэ 25-рэ зыкъытепІэтыкІыну кьыпхуагъэзыныкІи, унафэр щІымащІэзэщІам и пхьэусыгъуэр уагъэтхынкІи мэхъу. ИужькІэ а птхар зыгуэрым къэралыбзэм ирегъэзагъэ. Апхуэдэу куэдрэ екІуэкІмэ, сэлэтым зыгъэпсэхуГэу махуэ зрагтІыкъм. ИкІэм-икІэжьым, зауэлІым кърагъуэвалІэ бзитІри зыщІэ щІыху.

Эстоныдзэм тхъэрыІуэ зэрыщрагъэщІри тельыдджэщ-абы игу кьеГэжьІыж австр-венгрыдзэм щекІуэкІа Іуэхуэрэ, Къыгупсысыкі хуей хъуащ унафэхэр зэращІын хуей «бзэ щхьэхуэ» - нэмыщІ псэлъэхъуэ 120 - 150-рэ ирагъащІэрт. Абы кърикІуэм дыщыгъуэзэщ: чех, словак полкхэм езыхэм я бэракъхэр я ІыгъыкІэ урысхэм гъэру зыкъратырт:

«Аргументы недели».

Петров Николай гванстщ, СССР-м и цІыхубэ артистщ, 1943 гъэм кьалъхуащ, Москва и консерваторер кьыгъхащ, иджы я ешхапІэ дыдэм и профессорщ, дунейпсо зэпеуэ куэдым щыгъкІуащ. Абы жэуап кьиритащ «Аргументы и факты» газетым и упщІэхэм.

«Мы зэманым шоу-бизнесыр хуабжьу кьобгъэрыкІуэ щэнхабзэ нэсым. Ауэ абы хуэзфІэкІынукъым цІыхубэр къэгъазэ имыІэжу игъэделэн», - жеІэ гванист цІрыІуэм.

АкъылыфІэхэр ди куэдщ

- Уэ уриунафэщІщ фортепь янэмкІэ Ямэ Урысейпсо щІалэрыгъалэ зэпеуэм и жюрим. НаІуэу зэрыщытщи, зэпеуэр зыкъэгъэзар музыкант акъылыфІэхэр кхъэхутэнщ икІи яадэІэпыкъунырщ. Фызыхэдэн фиІэ?

- ГІэжщ, щхьэусыгъуэ куэдым къыхэхкІыу. Урысейм музыкант акъылыфІэхэр щыІэжькІи хуейтэкъым. АрщхьэкІэ ах эр куэду кьалъхуэ. Дэ ди куэщІ дуней псом зи цІэр щызыгъэуфыну пианистхэр. Араущ, музыкант акъылыфІэхэр мащІэкъым. ТхьэмащІкІагъэр кхъызыхэкІыр абыхэм Гъуэгуэзэрамыгъэтырщ. ХХ лІэщІыгъуэм и 60-70 гъэхэм сэ си щІэблэм щыщхэр дунейпсо зэпеуэхэм (Чайковскэм, пащІтыхь гуащэ Елизаветэ, Лайберн Ван я цІэхэр зезыхьэ зэпеуэхэм) щытекІуэмэ, абы кьикІырт а цІыхум и дежкІэ утык ушу эр зэІуэхуэ. Мы зэманым Темыркъан Юрий, Гергиев Валерий, Метэ Зубинэ, Аргерих Мартэ сымэ зэрахуэзэнри, абыхэм я Іуэху епльыкІэхэр кхъызэращІэнри ныбжьыщІэхэм я дежкІэ нэхъ мыхьэнэщхуэ иІэщ ищІэшхуэ дыдэ зиІэ зэпеуэм щытекІуэнымкІэ нэхъ.

Зэпеуэхэр игъэпудащ классикэ макьамэр зэщІэзэрыубыда корруупцэм. «Уэ сэ кхыскхуэпщІэмэ, сэри пхуэсщІэнщ» хабзэ б3аджэр мыбыи кхьылъэсащ.

- Сыт щхьэкІэ? Ђуэдэжь нэсымрэ мыльку зэлъэфэлІэнымрэ ауэ жьжьэу зэмызэгъыу кьалъытэу сыт щыгъуи кьекІуэкІати.

- Кхьыіэ, ежьэ Лебрехт Норман и «Хэт классикэ музыкэр зыуклІар?» тхыльым. Абы псори сэтей кьищІащ. КьыдгуригъэІуащ ш-бизнесым классикэ макьамэм зыкьыхигъэпшэхьуа иужь, кхъхъуар.

- КьызэрыщІыкьмкІэ, корруупцэм зэи зыри тельуэфынукъым.

- ЩІэуэ, дыгъэгъэзэрынущ! Музыкэм и ІэнатІэм нэхъ мыхьэми. Абы папщІэ Іуэху зыбжанэ лэжьын хуейщ. Япэрауэ, Дунеипсо зэпеуэхэм я зэгухьныгъэм игъэ уэвын хуейщ жюрим хэтхэм езыхэм я гъэсэнхэр, Іыхьлыхэр зэпеуэм хагъэхьэну хуит зымыщІ хабзэ - нобэ зэрыщытым хуэдэу екІуэкІ хьуцыхьэнкІэ хьунущ ухуэнынытхэхэр, ауэ ахэр а щІыналъэм щымащІэщи. Іаз, щІадзэ зрилъэ бжьамийхэр гъуэнхьцыхьэми ахэр пхуэзгъэпэщІыжынущ. Къанэ щымыІэу Голландиер, апхуэдэу Нью-Йорк къалэр псым щІилъэфэну, Африкэр пшахъхэщІым хуэзІуэну зэрыжаІэм тепщІыхьмэ, Урысейм къалэхуэну удыныр зырикІщ. Абы и щыІуэкІэ, ди гур фІы ящІ Атмосферэр джьынмкІэ Іьэпкъ центрым (США-м и Колорадэ штат) и Іэщагъэхэм. Абы и кхъухугъэнымхэм. Абы хэм зэхалъхащ уэгъу кьыщыхьуну (мы зэмаими иужькІи) лъэхъэнэхэм я картэ.

Уэгъур кьыхохІ зи щІыпІэм хьыщІхэ псыІагъэр зэманэмкІэрэ икІи пІалъэ кІыхькІэ нэхъ мащІэ зэрыхьум. Къэзэнгъэгъэр езыгъэзэрыІуэм я унафэщІ доктор Дай Айго жеІэ етІощІанэ лІэщІыгъуэм дунейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр уэгъум нэхъыбэрэ зэрызэщІыбыдар ЩІыр кьызэрыплъым и эрану. Мыбдеж, дауи, кІыхьыльытэн хуейщ ильэс къэс дуней щытыкІэр щІыпІэхэм зэрыщыгъэхуэмыдэрр. Уэгъу щащІытыну лъэхъэнэхэр нубзыхун папщІэ, доктор Дай кьигъэсэбэпащ Палмер и индексыр. АбыкІэ бубзыхэ мэхъ кьесакьешхэр зыхуэдизым и мызакъуэу, щІым и щІыІум теІыбу бахъэу уэгъум хьыхьэхэр зыхуэдизэр. Абы зэрыщыгъэувамкІэ, температурэр зэрехуэхьымрэ зэрыдзкІуеймрэ -5-м кьыщыщІэдзауэ +5-м нэскІэ фІэкІа зэщхьэщымыкІмэ, ар тэмэщІ. Арщхьэкіэ и пэ итыбыгъэр -04-м нэс-кІэ кьэсмэ, уэгъу кхъэхуущ. ХХІ лІэщІыгъуэм и кІэухым уэгъум зэщІиубыдэнущ Африкэм и кІэухмрэ, ищІэ лъэныкъэхэр, США-мрэ Хыщхъэм (Средиземноморьем) егъэщІыІа кьэралхэмрэ я щІынальэхэр.

ОБРАЗЦОВ Петр.
«Известия».

●Щэнхабзэ

Іуэхур къыщыкнэр

Іулъхьэнщэу дыпсэуфынукъым!

- АтІэ кьэрал псом зэгуэр корруупцэм дыщытекІуэфынкІэ хьунэ?

- ПІэщІэ зыгъэпсэхуну щыгъэшхуэ схэлъу схужьыгъэнукъым дытекІуэну. Хьабжьу ди жагъуэ зэрыхьунщи, ди законыр цІыхухэм ябгъэдохьэ дыкьуакІуэу. Нэкьулъ тІэкІу кьэзыдгъуэм ильэсищ тралъхьэ, ауэ доллар мелуан 50 зыгъэкІуэсар ягъэтІысыркъым. Ди хабзэхэр апхуэдэу зэхалъхьащи, ар хуабжьу яхуэгумащІэу гъэпщІакІуэхэм, дыгъуэгъуэкІуэхэм, Іулъхьэ зыебльэхьхэм. КьулькъущІэхуэхэмэ кьулейхэми худамычыхьу ди хабзэхэр псом я дежкІи зыуэ щытамэ, корруупцэм дыкьеІуфынут. Ауэ нобэ ди кьэралым корруупцэм зэрыщебэным хуэдэу фІэнда абы щапэщІымытмэ, абы упльэщыныкъым. Бэнэныгъэр щІагъэхэхьэжьхэ, Іулъхьэхэри нэ хь ин мэхъу.

- Уэри Іулъхьэ пта?!

- Дауи! Уэ у мытауэ ара?

- Уэ дуней псом ущыщІэрыІуэ пианистщ! Сэ зэрэ дыдэхуэдэкъым.

- АтІэ сыт? Дэ зы кьэралщ дыщыпсэур. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, мыбдеж нэгъэщІуэ щІыпсэуфынукъым. Машинэ сиІэ зэрыхьурэ (1962 гъэ льандэрэ) тІэу е щІэ фІэкІа кьэхуакъым сыкьэзыгъэувыІа милиционерым ахьащІ сІмыкъуэ. Абы сэ Імал кьыхет ГАИ-р кьанэ щымыІэу коррупцэм зэщІищтауэ сегупсысыну. Пэжкъэ? Сэ сыгуфІэ жу кьуэдыр кьэралым естынут. Ауэ ар хуабжьу гугъущ - ахьышІ хьумалІэ банккэр кьыхэзгъэбжьыкъым, квитанцэр инспекторым хуэпхьыкъым хуей хьунущ. Араущ, Іулъхьэептыныр Іуэху зэфІэгъэкІщ.

Мы зэманым СССР-м и цІыхубэ артистхэр ди кьэралым цІыху 200-м щыщІигъуэкІрыкъым икІи ахэр псори пенсэ ныбжьым итщ, ящыщ куэдри хуабжьу гугъу йохь. Ди деж Совет Союзым и Лъхьужьхъэм, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэм щІэхщІэхьурэ я пенсэхэм щыхагъахъуэ, льготэхэр щыхуагъэув, ар икІи тэмэщІ. Хабзэм кьегъуэ СССР-м и цІыхубэ артистхэм я пенсэхэм хущІагъэн хуейуэ. Ауэ абы щхьэкІэ ахэр сценэм икІын хуейщ. Абыхэм я лэжьыгъэр зэран яхуэхъуу пІэрэ собесым щыщ зиусхьэнхэм?

Риджьри зы щапхъэ. Венесуэлэр къэралыкъым, ауэ абы унафэ хущащтащ щІалэгъуалэр классикэ музыкэм дегъэхьэхыным теухуауэ. ИкІи дэ тевиденэкІэ шоу-бизнесыр Венесуэлэм и щІалэгъуалэ оркестру Боливар Симон и цІэр зезыхьэм и концертым музыканти 160-рэ зэхуэсащ. Куэдыгъэ? Куэдыгъэ. Ауэ ахэр къэхъапагъэм, наркотикхэм, фадэм кьыІэщагъэкІа ныбжьыщІэхэщ. Дэ ди деж зиусхьэн Фурсенкэ школхэм щІэзэхуещІыж музыкэмкІэ урокхэр. Абы и уэкъ сыткІэ я кьулькъущІэм уэзрыщыгугъынуу? ЕбъэджэныгъэмкІэ министрым кьельыгъэ апхуэдэ урокхэм сабийхэр хуэмейуэ! Абы кьыхилъхьа ЕГЭ-м школакІуэхэм заригъэжьыркъым, щІэныгъэнщэу кьегъанэ. ИкІэмикІэжьым, ди президентым ар и пІэ иригъэувэж хьунукъэ? Сэ кьызэлыитэ егъэджэныгъэмкІэ министру иджы нэхърэ нэхьыкІэ эзи димыІаУ.

- АтІэ сыт хуэдэу щытыкІэр зэребгъэфІэнкІуэжьнуг?

- Псом ящІэу щхьэкІэ щІалэгъуэжьын хуейщ музыкэмкІэ урокхэр - сабий дыдэхэри щэнхабзэм зрагъэсэн папщІэ. Дэ ахэр ищІэнхэм я Іэнэ ятхьэщІу, я дзэхэр яльэщІу. ИужькІэ ахэр хабзэ яхуохьу, я льым хуохьэ. Апхуэдэу щыщІатКІэ, ильэси 5-6 фІэкІа мыхьэуахэри сабий концертхэм, спектаклхэм щэн хуейщ. Хорхэхэр, зэрэрэ жызыІэхэр, музыкэ нэсым дихьэхэхэр зэи наркоманиі щІэпхьаджащІи хъунукъым. Сабийм зыхищІэн хуейщ щІыуэнэм унсу мариухэнэ уеф3 нэхърэ концертхэм уКІуэныр зэрыпэхъыфІыр. Арщхьэкіэ ябгъэ ильэс и пІэкІэ сабийхэм Іэмал иІэщ пщэдджыжьым кьыщыІэзэуэ ильэс щІыпІэхэм я «Секс с Анфисой Чеховой», «Дом-2»-, хьэбыщыбыфарэ зыхэлъ нэгъэщІ теленэтынхэм зэ еплъыну. Нэхьапэмэ х уэдэу, музыкант ящІэныбгъэдыкІэр дзэм щрадж3 ІыпІэр ягъэкІуэтэнымк Іуэнчафэ игъуэтын хуейщ.

Властхэм я гулыІэтэр нобэ зыхуэгъэзэжьынкІэр кьэІэтыкьынырщ. Дауи, ахьшэм куэд дыдэ елытащ. Арщхьэкіэ зыщыгъэсэгупшэн хуейкъым ахьшэри акьыл хэлъу кьэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

●Щыуэпс

Уэгъу кьытпэплъэркъым

Еджагъэшхуэ куэдым кьалъытэ дунейр хуабэ зэрыхьэр щІыхьм и гъжьыгъэм зыкІи емыплъэ. Іыхьлыкъэ куэдыІуэ зэрагъэкІуэцІым кьыхэкІыу уэгъум гъуэзыр зэрыщІэтрихьэм пымыщІауэ.

УБЛЭМЭ абыхэм яхэтщ зэрыщІыгу дунейр нэхъ хуабэ хьуну зи фІэщ мыхьэхэр. Арщхьэкіэ климатолог щІэрыІуэхэм трагъащІэ нужь ильэсищэм дунейр ику иту зы градускІэ нэхъ хуабэ щыхъуауэ, дызэрыт лІэщІыгъуэм аргуэру градуситі кьыхэхъуэну. Абы къулейсызыгъэ ихъэр кьахуихьынщ кьэралхэм я кІуэдыжьыр. Мыбдеж нэхъ мащІэу щыхилъэфэнхэр щирота унэтІыныгъэм тес къэралхэрэ, псом япэу Урысейрщ. Сыт щигъуи штауэ иджыри къэ кьэгъэуэгурыкІуа мылъэужьэр зэрытхІуэм кьыхэхэІыу, мыбы Іисраф щыхъункІэ хьунущ ухуэныгъэхэр, ауэ ахэр а щІыналъэм щымащІэщи. Іаз, щІадзэ зрилъэ бжьамийхэр гъуэнхьцыхьэми ахэр пхуэзгъэпэщІыжынущ. Кьанэ щымыІэу Голландиер, апхуэдэу Нью-Йорк къалэр псым щІилъэфэну, Африкэр пшахъхэщІым хуэзІуэну зэрыжаІэм тепщІыхьмэ, Урысейм къалэхуэну удыныр зырикІщ. Абы и щыІуэкІэ, ди гур фІы ящІ Атмосферэр джьынмкІэ Іьэпкъ центрым (США-м и Колорадэ штат) и Іэщагъэхэм. Абы и кхъухугъэнымхэм. Абы хэм зэхалъхащ уэгъу кьыщыхьуну (мы зэмаими иужькІи) лъэхъэнэхэм я картэ.

Уэгъур кьыхохІ зи щІыпІэм хьыщІхэ псыІагъэр зэманэмкІэрэ икІи пІалъэ кІыхькІэ нэхъ мащІэ зэрыхьум. Къэзэнгъэгъэр езыгъэзэрыІуэм я унафэщІ доктор Дай Айго жеІэ етІощІанэ лІэщІыгъуэм дунейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр уэгъум нэхъыбэрэ зэрызэщІыбыдар ЩІыр кьызэрыплъым и эрану. Мыбдеж, дауи, кІыхьыльытэн хуейщ ильэс къэс дуней щытыкІэр щІыпІэхэм зэрыщыгъэхуэмыдэрр. Уэгъу щащІытыну лъэхъэнэхэр нубзыхун папщІэ, доктор Дай кьигъэсэбэпащ Палмер и индексыр. АбыкІэ бубзыхэ мэхъ кьесакьешхэр зыхуэдизым и мызакъуэу, щІым и щІыІум теІыбу бахъэу уэгъум хьыхьэхэр зыхуэдизэр. Абы зэрыщыгъэувамкІэ, температурэр зэрехуэхьымрэ зэрыдзкІуеймрэ -5-м кьыщыщІэдзауэ +5-м нэскІэ фІэкІа зэщхьэщымыкІмэ, ар тэмэщІ. Арщхьэкіэ и пэ итыбыгъэр -04-м нэс-кІэ кьэсмэ, уэгъу кхъэхуущ. ХХІ лІэщІыгъуэм и кІэухым уэгъум зэщІиубыдэнущ Африкэм и кІэухмрэ, ищІэ лъэныкъэхэр, США-мрэ Хыщхъэм (Средиземноморьем) егъэщІыІа кьэралхэмрэ я щІынальэхэр.

ОБРАЗЦОВ Петр.
«Известия».

●Щыуагъэ

Зыхэпсэукіын ямыІэжу

Илъэси 8 зи ныбжь Сережэрэ абы нэхърэ илъэситкІэ нэхъыщІэ Андрюшэрэ зеинщэу кьэнащ. Ауэ абы и закъуэкъым: уэ приставхэм я щыуагъэм и зэранкІэ абыхэм яІэкъым зыхэпсэукІын гуэри.

ИЛЪЭСИТІ и пкІэ Деулинкэ я унагъуэм гуаэзшхэ къыщыхъуащ: я адэ губжьам сабийхэм я анэр ирикІащ. ИужькІэ белджылы къэхуащ ящІа цІыхубзым щІыхуэу сим ильэс 176-рэ зэрытелъыр - фотэрэр щэн-кІэщхьэщхьым пыщІа Іуэхум хилъэфат. Адэ-анэ зыщІэкъщымытыж сабийхэм щІыхуэр щІэину къхъэнащ.

- Новгород Ищхъэрэм и Канавин куейм и суд приставхэм сабийхэм я мылькур кьэнэ щымыІэу ятхащ, уеблэм зэрыджэгу я хьэпшІап цІыкІуэхэр, я льэпэдзэри къащыгъупщакъым, - кьыджкІащ зеинщэхэм я адэшхуэ, дзэм кьыхэкІыжа пенсионер Садчиков Владимир. - Мыгъэрей гъэмахуэм Іуэхум кьыхьыхащ Воронеж областым щыщ суд приставхэри.

КьызэрыщІэкІамкІэ, иужь илъэситІым зэкъуэшхэр Воронеж щыпсэуащ: абыхэм я отекун хуэщІа я къэлэн щыщ я анэшыпхъэр. Арати, приставхэм яубыдащ цІыхубзым банкым щІиІэ ахъшэри - абы кьэралым ихьэнэрт зыпІэм ямыІэу хэна сабийхэм ярт пенсэ мащІэр.

- ЗкІэ яубыдакІэщ сом мин 55-рэ, - пещэ Садчиков Владимир. - Суд унафэр щагъэзащІэм, Новгород Ищхъэрэм Воронежи щыщ приставхэм къагъэлъэгъуащ хабзэхэм зыри зэрыхамыщІыкІыр. Абыхэм ящІэн хуейщ сабийхэм я хьэпшІыпхэри зыпІэм ямыІэу кьызэрыпхьэкІыу ират пенсэри щІыхуэм гагъэкІуэну зэрыхуимытыр. Абы щыгъуэми, отекуным и ахъшэрэ.

Садчиковым жиІэмкІэ арзэщІ Новгород Ищхъэрэ областым цІыхум и хуитныгъэхэмкІэ щІэІэ уполномоченнэ Ольнев Василий.

- Сабийхэм щІэину къхъэнащ щІыхуэр. Ауэ ар зытещІыхьын хуейр кьаІэрыпхьа мылькур щІыхуэдизырщ. Зыри еІуэсэ хъунукъым абыхэм я хьэпшІыпхэм, зыпІэмкІи зэрамыІэм кьыхэкІыу ират пенсэм.

ЖьІэн хуейщ иужькІэ Новгород Ищхъэрэми Воронежи я приставхэм зэрыщыуамкІэ зыІэзэрыгъэмысыжар. Садчиков Владимир и псальэхэм ятепщІыхьмэ, Новгород ИщхъэрэкІэ УФССП-м и унафэщІу Олег илъэситі и пэкІэ офицерым и псальэ итауэ щытащ кьытраха хьэпшІыпхэр зеинщэхэм яритыжьыну, арщхьэкІэ игъэпэжакъым. Воронеж УФССП-м и Іэтащхьэ Поповэ Верэ и жэуапыр кьызыІрыхьар Ольневращ. Тхыгъэм кьыщыгъэлъэгъуащ опекуным и счетым ахъшэ хабзэщІэкІэ я зэрырахэр икІи абы щыщ ныкъо зэрыщІэкІ.

- Щыщ 20-м щІигъу хэкІуадэу Осетие Ищхъэрэ-Аланием щалэжьа террорист щІэхъьа-джагъэхэр я Іэдакъэщ1экІэхэр эхэгъэкІащ, - жиІащ Урысейм и ФСБ-м и унафэщІ Бортников Александр. КьызэрыщІэкІамкІэ, хьэкІэжьхэр Умаров Доку и бы-гушІэтхэщ. Абыхэм я нэхьыбэр е яубІащ, е яубІащ.

ЗИ ГУГЪУ щІы щІэтхьадагъэхэм ягъэдыдащ Осетие Ищхъэрэ-Алание пор. Фокадзе и 9-м Владикавказ и бзар нэхьыщхьэм кьыщыщІащ хьэмкІуэхэм сигу щІыпІэм дамытыжьа «Волгэр». ЩыпІагъэхэм кьыпытэ абы ипы лагьымым тропиз кинограмм 30-40 хуэдизи я кьаруэ щыпащ. Щыхьу 20-м щІигъу хэкІуадэщ, 190-м нэкъо нэкьыбгъэ фобжь яІуэтащ.

Ипыжьхэ-мы гъэм и щыщІэуІэм Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Ингушыр я гъунжьым дж эи гъыщІэм хуэмеиж террористхэм лагьымкъыщыщІащ. Зы милициокер хэІуащІ, щым фобжь зэмыІэужьыгъэхэр хахащ.

- А щІэтхьадагъэхэр зытемыхэр слей кьыщІащ, - щыжиІащ терроризмэм и бий лъэныкъ комитетым и зэІущІэм ФСБ-м и Іэнатіэр Бортников Александр. - ЗэгъэдгъащІ ахэр Умаров Доку и дзІыпкъэгъу Хамзатуловэ Иса кьызэрыгорыгъэтщІащ. Арати Ингушыр и щІыналъэм щыІэ щІэтхьадагъэхэр гуп гуэри зэщІэзыІуэфащ.

Борниковым и пцІыкъэм ятепщІыхьмэ, щІэтхьадагъэхэр зыгъэкІыжа ягъэнащ Дзуубековэ, Латыровэ сымэ, Хамзатуловым и кьуэшар. Ахэр мы зэманым яубІащ. Абубышэу щыуцуекъым, Іицкіэ зикьытпащІыжьа ГІур яубІащ. Хабгъкъуэмэм зэрагъэбгдыкъамкІэ, а щІэтхьадагъэхэр гупым итІыжьэ? Ди кьулькъущІэ, мивицэм и лжакъэ куэд яхьат, Ингушым и щІыналъэм лагьымэр кьыщагъуат. Абы и пцІыкъэм пищу, Урыскъэ и Следственнэ комитетым и лжакъуэ Марвин Владимир жиІащ щІэтхьадагъэхэм уяубІа мурад зэрамыІэр.

- Іуэхур щІэтхьадагъэхэм, Ингушым и мэз щыпІэхэм яІащ зым кьыщигъуэтащ псори зэхэту аммиак сепитрэу, ДЕомэн хьжьаку килограмми 160-рэ зрыт бочкащ. Ахэр яІащ: бзаорым кьыщыгъуэ тІуэптІуэм, - кьыхэпІэщыхуэдащ Маркин Владимир. Борниковым зрыжьаІамэ, Кавказ Ищхъэрэм щытыкІэр зэтес щІэкІуэ.

- ПІщІащ, Ингушыр рестубликэм, ноГабэ елыитащэ нокьыфІу кьытпытэ хьунущ, - кьыхитхъбедщыкьыжащ Борниковым. - Абы щыхьэт тохуэр щІэтхьадагъэхэу а щІыналъэм щытхьэм и бжьыгъэ 2009 гъэм елытащэ процент 45 - 46-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхуащ. 2010 гъэр кьызэрыкІэр псори зиэну Кавказ Ищхъэрэ округым зэрыгъэзэрыщІэрт Іуэхуэхэу 50-м щІигъу щытхьагъэхащІ, 301-рэ яубІащ, 468-рэ яубІащ.

АНДРЮХИН Александр.
«Известия».

●Берлин

Нэмыщэ кьалащхьэм и кум 1986 гъэм щагъэуваУ щытащ Маркерэ Энгельсэрэ я монумент. Иджы Берлин и властхэм кьащта унафэм ишь итІ, ар ягъэІнэхьуэн хуэщІ. ЩхьэусыгъуэрэкІыгъуэкІэ кьалэм и транспорт Іуэхуэщ1ащІэм и мурадщ ефедльыр щІыпІэ дыдэм и щІагъым пхьыкІыу метром и кьудамэ иухуэну. Монументыр зэрагъэІэнхьэуэнур метри 100 кьудейкІэщ, арщхьэкІэ мы Іуэхум гъэхьуэдэн хуей ящІу евро мин 600.

Иужь зэманым Европэм кудкІэ нэхъ мащІэ щыхьэщІ коммунизмэм и теоретикэм я фешлъэр. Нэхъапэм хуэдэу, Маркс и бзыхьэ тетщ ешьм и кхъащхьэм (ар Лондон щыІэщ). Маркерэ Энгельсэр я фешлъ кьыщыгъэтенащ Братиславэрэ Будапештрэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэжьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

●Щэнхабзэ

Іуэхур къыщыкнэр

Еджапіэхэм щегъэсэн!

- Уэ жьыпІащ дз классиЮ Іэнатіэм музыкант акъылыфІэ зр щыдгкуэну. Ауэ, абы щыгъуэми, классикэ зэмыкъэр телевизоркІи радиокІи къатыркъым.

- А упщІэр зыхуэбгъэзэнур ди телевиденэмрэ шоу-бизнесымрэщ. Иужьрейм сыт хуэдизэ кьэрэ ирихьэлІа «Орфей» радиостанцыр зэхурригъэщІыжьынкІ. А станцыр жэщми махуэми лажьэрт классикэ кьиту! Абы щыгъуэми, радиотелеканэм бжьыгъэнщхэр щыІащ, ун гур кьезыгъэкІуэ нэтынкэр ирагъэкІуэкІыу. Сатепсэльыхьыну сыхуейкъым емыкІу зыпылъ «аншлагми», Петросянхэми, нэгъэщІ «Уэшы!» программэхэми. Ауэ ари яфІэмащІэщ! Абыхэм купщІэ зыхэлъ программэхэр цІыхухэр телевизорхэм я нэхъ щемыпІъ зэманхэм ягъэлэпхьуэ. Псори зыІэщІаубыдэну ууейщ! Арщхьэкіэ яхуэзэфІэкІырыкъым цІыхухэр ягъэделэпэн. КонцертыбІым е спектакль гъэщІэгъэуэным цІыху куэд макІуэ, тІысыпІэ имыІэжу. БыстаВкэ тельыдджэм уущІыхьэн папщІэ чэзым уэхтын хуейщ.

- ЦІыхубэр иджыри гъэздж нэсым хуэпабгъэу ара?

- Дауи, араш! Зи акьыл зэтес цІыху тэмэмыр сыт щыгъуи фІым, дахагъэ гуэрым зыІэпишэу щытщ.

Арщхьэкіи ди льаПІэныгъэхэм зэрызэхъуэжьым гу лыботэ. Шостаковичи, Неждановэми, Шаляпини, зи цІэр дыщэ хьэрфхэмкІэ тыдэм хатха нэгъэщІэ артистхэм, зэрэджьІакІуэхэм, композиторхэм зэи ялъэгъуакъым абыхэм ауэ жьыжьэуи яхуэбгъадэ мыхьэну Басковым и юбилеим ирадзкІа Іэуэльвэушхуэм ещхь гуэри. Хьэмрэ я кьэрал псом Крутой Игорь е усакІуэ Резник я юбилеир зэрагъэщІэдзауэ пщІыхьэщхьэ зэрыдзэкІа хуэщ. СщІэркъым сэ сызэхуэми сымызахуэми.

- Кьэрагурыіуэш, АтІэ, сыт щыгъуи щхьэкІэ зыІэгъэ щыдзэкІуа кьэралым и льапІэныгъэхэр щхьэ фІэкІуэдаг?

- Ар зэльытар Іуэхум уэзрыгъэдэлъхьэ щІыкІэрщ. Ди гъэзэжьынкІэ ахъшэхэр щыхуэхъащ. Арщхьэкіэ а ахъшэм и зэкІэ зэрыщытым ирагъэкІуэкІыу. Сатепсэльыхьыну сыхуейкъым емыкІу зыпылъ «аншлагми», Петросянхэми, нэгъэщІ «Уэшы!» программэхэми. Ауэ ари яфІэмащІэщ! Абыхэм купщІэ зыхэлъ программэхэр цІыхухэр телевизорхэм я нэхъ щемыпІъ зэманхэм ягъэлэпхьуэ. Псори зыІэщІаубыдэну ууейщ! Арщхьэкіэ яхуэзэфІэкІырыкъым цІыхухэр ягъэделэпэн. КонцертыбІым е спектакль гъэщІэгъэуэным цІыху куэд макІуэ, тІысыпІэ имыІэжу. БыстаВкэ тельыдджэм уущІыхьэн папщІэ чэзым уэхтын хуейщ.

- ЦІыхубэр иджыри гъэздж нэсым хуэпабгъэу ара?

- Дауи, араш! Зи акьыл зэтес цІыху тэмэмыр сыт щыгъуи фІым, дахагъэ гуэрым зыІэпишэу щытщ.

Арщхьэкіи ди льаПІэныгъэхэм зэрызэхъуэжьым гу лыботэ. Шостаковичи, Неждановэми, Шаляпини, зи цІэр дыщэ хьэрфхэмкІэ тыдэм хатха нэгъэщІэ артистхэм, зэрэджьІакІуэхэм, композиторхэм зэи ялъэгъуакъым абыхэм ауэ жьыжьэуи яхуэбгъадэ мыхьэну Басковым и юбилеим ирадзкІа Іэуэльвэушхуэм ещхь гуэри. Хьэмрэ я кьэрал псом Крутой Игорь е усакІуэ Резник я юбилеир зэрагъэщІэдзауэ пщІыхьэщхьэ зэрыдзэкІа хуэщ. СщІэркъым сэ сызэхуэми сымызахуэми.

- Кьэрагурыіуэш, АтІэ, сыт щыгъуи щхьэкІэ льаПІэныгъэхэр я кьэралым и льапІэныгъэхэр щхьэ фІэкІуэдаг?

- Ар зэльытар Іуэхум уэзрыгъэдэлъхьэ щІыкІэрщ. Ди гъэзэжьынкІэ ахъшэхэр щыхуэхъащ. Арщхьэкіэ а ахъшэм и зэкІэ зэрыщытым ирагъэкІуэкІыу. Сатепсэльыхьыну сыхуейкъым емыкІу зыпылъ «аншлагми», Петросянхэми, нэгъэщІ «Уэшы!» программэхэми. Ауэ ари яфІэмащІэщ! Абыхэм купщІэ зыхэлъ программэхэр цІыхухэр телевизорхэм я нэхъ щемыпІъ зэманхэм ягъэлэпхьуэ. Псори зыІэщІаубыдэну ууейщ! Арщхьэкіэ ябгъэ ильэс и пІэкІэ сабийхэм Іэмал иІэщ пщэдджыжьым кьыщыІэзэуэ ильэс щІыпІэхэм я «Секс с Анфисой Чеховой», «Дом-2»-, хьэбыщыбыфарэ зыхэлъ нэгъэщІ теленэтынхэм зэ еплъыну. Нэхьапэмэ х уэдэу, музыкант ящІэныбгъэдыкІэр дзэм щрадж3 ІыпІэр ягъэкІуэтэнымк Іуэнчафэ игъ

ХЕТАГУРОВ Коста

ФатIимэ

Кавказ повесть

(КIэухыр.
ПэщIэдзэр №№202 - 204-хэм итщ).

VI

Мыбдеж сыт хуэдэу псэр щытыншрэI..
Уе хьуапсэу, уэсрэуалъ хьэу хуитy,
Щхьэ укъуэН нэбэнэушэу,
Тыысжьым зэм, зэм зыкъиIэту
УедаIуэ у зэрыбауэм уи бгъэрI..
Шыпсэ хъарпшэрхэм пщыIэ хуэдэ
Гупсысэр Iуву къыззыIабгъэу,
Мы дуней псор иныгъщ гуапрэм,
Щытщ лIэщыIгъущэ зи ныбжь жыгхэр,
Мис, бзихум зыхуегъэщхьыр блашэм,
Щхьэкlэр трилъхьэу абы и бгъэм.
Дей цыкIу Iэрамэм зыхуеинэ чэщейм -
И лъагъуныгъэр хуиIуэтэну хуейщ...
Чэщейм къилъытэм ар ху эфащэу,
Псори къыщекъулаIщ дунейм.
Зрипэсыну ар чэщейм?
Чэщейр тхьэIухущ, чэщейр мэз гуащэщ,
Дей цыкIур сыт?Iэ
Ар цыкIужьейщ!
Мис жыгеижьыр,
Яуэтэж абы и хъыбарыжьыр...
Жыгеижь къудамэзкIэ и щIагъым
Ар жьыми щIэми зэдаIыгъыу
Яхуэхъуащи щакIуэм хабзэ -
Зэгъусэу щащIыр я нэмэзыр;
Пщыхьэщхьэм къащэкIуар яIыгъыу
Къагъэззэкри жыгеижьым деж,
Я уанэ щхьэнтэр я пIэщхьагъыу
Жыг щIагъым хуиту щогъуэлъыжь...
Мэзым къыщхьэщыхьамэ кIыкIыр,
КъызэхащIэнщи я жьэгу мафIэр,
КъетIысжкIауэ мафIэ уэрым,
КIыхьу ирашэжьэнщ уэрщэрыр.
Я уэрэд макъыр, я зэдаIэр
ЗэщIэплъэу куэдрэ жьыжьэу мэIур,
Мэз дзэгу кIыфIыжьыр щIагъэIуу.
Жэщ тельыджащэм гур дэпсэхуу,
Мэзаэуэм хуиту загъэпсэхур...
Месыр, аргуэру лIитI щэрджэсу
Хуэму кьыхокIри мэзыжьым,
Ешауэ, къапьхуу пщIэнтIэпсыр,
Я джьдзэр щIадзэр жыгей лъабжьэм...
- Хьэуэ, абы лэжьыгъкIэ дэ зэи
ДыщIыхьэфыну къыщIэкIынкъым,
Хьуащи иджы нэхъ ерыщыж,
ПфIощIыр и гуащIэр мыкIуэщIыж...
- И щхьэусыгъуэр арат тщIамэ! -
- ФатIимэ фызУ сиIэгъамэ,
Пщым ипхъу си гуащэм зыхуейр ху эсщIэу,
Иберэхьим нэкърэ мынэхь ящIэу,
Си Iуэхути сэри сымыLIыщIэм...
Пщым и пхъур хуэмыхьуам цыхьэгъуэсэ,
Зы шыдыжь цыкIум къратмэ уасэ у,
Дэтынут псоми яхуэлIыщIэу
Сэ сэщхьу, хэплъыхь лъэпкъ имыщIу...
Тхьэмыщкlагъэм, щхьэхынагъэм
Я гъащIэ яIгъэм
Кьригъэлаг ар а нэрыбгъэм.
Фызыр къыхуэхьуу щIэгъэкъуэн
Дэкlуейти гъащIэм и пкlэльейм,
Иберэхьимым лъэкIащ нэсыфын
Нобэ гушхуэу зытет и дунейм...
Тхуэмыфащэу дыкъыззэринэжьыну,
Аращ ар гъащIэ щыгуми щыIэ щIадзкIыр...
- УкIытэ мащIэу, ди ныбжьэгъу!Уи хьущIэр
Мыбдеж щогъэIур къемызэгъыу...
Иберэхьим хуэдэу тIэтыфмэ ди гуащIэр,
Дыкъинкlыфынут дэри тхьэмыщкIагъэм;
Ауэ сыт пщIэнкIэ, пщыхьуэм ипхъу ныбжьыщIэм
Иберэхьимщ зыпынгъэсар хьэщыкъ гурыщIэр.
Лэжьыгъэм Iуэхур хуэкIуэм, Иберэхьим
Пэхьун нэгъуэщI ибгъуэтэфын ди куейм?
Дэ тхуэдабзэу ари шхальэм дальэухьа сабийт,
Ауэ хуитыныгъэр хэттти и пхьем,
КъикIыкыну пщылIыпIэм и Iэнльэм
ДыхущIэжьакъым зыри абы ещхьу..
Емыблэжу и гуащIэ, пщIэнтIэпсым
ФIыщIисыкIми щIсхьышнэу и нэр,
Хуитынигъэм хуеIэрти и псэр,
Хульэкlащ къыщIэкIыну пщылI унэм,
Хьуащ щхьэхуит дэ псом нэхьри нэхьапэ.
Уэрфащэу кIилэжьащ кьехьулIа псори:
Цыхьэхэм кьрахьэхIэм щыншынэу,
ФатIимэ щхьэгъусэу къыщIыхьащ и унэм,
Щыгугъыу ныбжьэгъу пэж ар къыхуэхьуну -
ИкIи щыуакъым... Къэсхухнкlэ нобэм
ФIыуэ зэрыльагъуитIым я насыпым
Зыми лэжьакъым трилъхьэну пшагъуэ,
ЛъэмыкIыу гъэзэрыкIэм щхьэгъащIагъуэ
Ауэ сыт пщIэнкI, пщыхьуэм ипхъу ныбжьыщIэм
Иберэхьимщ зыпынгъэсар хьэщыкъ гурыщIэр.
Лэжьыгъэм Iуэхур хуэкIуэм, Иберэхьим
Пэхьун нэгъуэщI ибгъуэтэфын ди куейм?
Дэ тхуэдабзэу ари шхальэм дальэухьа сабийт,
Ауэ хуитыныгъэр хэттти и пхьем,
КъикIыкыну пщылIыпIэм и Iэнльэм
ДыхущIэжьакъым зыри абы ещхьу..
Емыблэжу и гуащIэ, пщIэнтIэпсым
ФIыщIисыкIми щIсхьышнэу и нэр,
Хуитынигъэм хуеIэрти и псэр,
Хульэкlащ къыщIэкIыну пщылI унэм,
Хьуащ щхьэхуит дэ псом нэхьри нэхьапэ.
Уэрфащэу кIилэжьащ кьехьулIа псори:
Цыхьэхэм кьрахьэхIэм щыншынэу,
ФатIимэ щхьэгъусэу къыщIыхьащ и унэм,
Щыгугъыу ныбжьэгъу пэж ар къыхуэхьуну -
ИкIи щыуакъым... Къэсхухнкlэ нобэм
ФIыуэ зэрыльагъуитIым я насыпым
Зыми лэжьакъым трилъхьэну пшагъуэ,
ЛъэмыкIыу гъэзэрыкIэм щхьэгъащIагъуэ
Я гъащIэм щIадзэр щIагъэIуу
Уригъэблагъэу Iухащ хьэщIэщыбжьэр,
Хьэзырщ я хьэщIэм щхьэкlэ я фадзэбжьэр,
Гуапэу хуагъэзывыр абы Iэнэр,
Тету махъсымэ, ху абзу я хуэмышIыр.
Зэхьуэкlыныгъэ куэд къыщохьур гъащIэм,
Хэт игъэгуфIэу, хэт игъэщхьэкlагъуэ у, -
Альыхырщ псоми я унафэр зыщIыIу.
Ди натIэм кьритхар кьытхуигъэIэгъэуу...
Девгъэпльт, псальэм папщIэ, Жамболэт,
Пщы лIакъуэм кьахэкIащ, арщхьэкlэ сыт...
Зихуэдэ щымыIэж жыхуэIэм ещхьу
Лы нэгъэсат; Iэтауэ лъагэу и щхьэр...
Къекlуокlырт лъэпкым ар и напщIэтелъу,
Сыгкlэ ищIэнт а лым и набжьэ щIэлъыр...
Хуубари джаурэкIэ зы закъуэщ:
КъыщIэпхъуэжащ... яубыдыжащ аргуэру...
Аргуэру къэкIуэсэжу дэ кьытхуэкIуэжар
Сыт хуэдэт кьызрихьэлIэжар?
Япэрей гъащIэм и лъэужьи
Имылъагъжу, уеблэм ныбжьу...
Мэ зэхэкъуэ ахъм сахуэр
Жьым пэрыуэнщэу щызэрихьэ у,
Зэгуэр мы къуажэм дэлъа щыхьыр
НэлIибым пфIэщIынт дыщIалкъьэу,
ЯтIэр тратхъуэжа и кхъащхьэм!..
Щы Iэжжьым фочым, сэщхуэм я пщIэр,
Я напщIэм тельыгъа хакIуапщIэу
Зыкъуэгушхукlыу яIэгъахэр пщыкъуэм,
Аха м кьахуэнэжар зы гъэрку...
Яубыду быдэу пхьэIэщкIыр,
Дэ дзэщхьу гъавэ щым щагъэкIыу
Губгъуэм итыныращ лажьэу, шхэжу...
Мэ Iути лIыщIи щымыIэжу.
Кьэнахэщ я щхьэм щыгугъыжу...
Мэжэщлаплагъэр зытегущIым
Кьыхуэщхьэпэфыркъым зыгъэлIыр...
Уцыныжауэ гуэнщэрыкъыр
Итщ губгъуэм нэхъ зызыгъэуэркъри,
Кьахуэнами адэ щIэн,
Яшхыжри, хьуауэ дыхьэшхэн.
Ауэ псэуну ахэр дэщхьу
Я пщыгъэм трамыльхьэу и щхьэ -
Сыт ильэс псом я Iуэху нэхьыщхьэр?
ПлIэрыльу фочыр, сэщхуэр ябг ищIауэ
Зы жьлэм икIрэ зы жьлагъуэм
Дыхьэу кьызэкlухь, яхьэунщIэу,
Зыхуэзэу хьуар ягъэщхьэжагъэу...
Абы ящIахэм гуауэщхьэуэ
Яхуэщэчыжьым зэлымыгъэр...
Апхэдэ щIалэщ Жамболэтэн,
Ятеплъэ мыхьэу унэIутым...
Сошынэр Иберэхьим тхьэмыщкIэр
Бэлъхь мыух абы хидзэнкIэ...
Сольагъуар ар тхьэгурымагъэу:
Пщыр екIуэлIэнуц а унагъуэм,
Пэмысынщагъэу хьэум зэрихьэм
Игъэбгэнынущ адэжь кхъащхьэр...
КъэувыIэт зэ,пшапэ зэхэуэм
СыкъигъэпцIауэ пIэрэ сй нэм?
Мыбдеж зыгу эр щызэкъзеуэу,
Кьытлъитэу гу, зигъэпщIужа...
Е ар чэщей жыгижьым
Дэджэгуу арагъэнщ акъуэшыр,
Къудамэ щIупскIам и ныбжьым
СыкъигъэпцIауэ арагъэнущ...
Куэщц зэкlэ ар, зыI э т, хуащ ищу я
Щхьэхьынагъэм кьытхуихьа пшагъуэр
ЗэкlэщIэтхужу мащIэу зыкlтхlухьну,
Iэпкlльэпкъ зэщIэнэр зэрыдгъэкlыну...

* * *

Мэз Iувщ... мэз кIыфIщ... мэз курыкупсэщ...
ИгъэуцIынащ гуэнщэрыкъыр уэсэпсым ...

Ешауэ Iэр мэундэращхьэу,
Джыдауэ макъри кIащхьэ мэхъур,
Сыт хуэдиз гуащIэ Иберэхьим мы мэзым
ЩIигъэкIуэдэ и джыдэр щхьэмыгъазэу?
КьыззэрищIэжрэ щIалэжь цыкIу зеиншэр
Гугъуе хьжэр кIэнэшу кьыльрищэу,
Кьритхар натIэм гугъуехь гъащIэу
Игъэващ сабий гуащIэ мащIэм!
Кьуленижь бынхэм яхуэлIыщIэ
ЩIалэ ныбаджэ, щыгъыныджэм
Зэи щыгъсакъым гъащIэ дыджкр.
Итащ ар губгъуэм Iэщ игъэхьу,
Щэщим щIэтащ куэншыбыр кьытхьу у,
Щыу агъэ гуэр Iэщ Iэкlмэ зэрымыщIэу,
КьытехьущIыхьхэ эу, яубрэжьу гуащIэу...
ИкIэм-икIэжьым пщылI щхьэхуит щыхъужьым
Кьратар зы кIапсэ, зы джыдэ,
ЛIыщIапщIэ у,ари, яфIэну эдУ!
Щымысхьыжу гуащIэм,емыблэжу псэм,
ЯхуэлIыщIам кьуленйм и гъащIэ псом
И ж эщи мажи эздигъакIуэу,
Аращ кьахуэльытар кьыпэкIуэу...
Ехуэу унэ,
ЩIэхьэпсэу ищIыну унагъуэ,
Пщым ипхъу дахэри фIыуэ ельагъур...
И гуи, и пси хужькъбэзт пщащэм, ауэ
Лъагъунытъэм кьыхуитыр абы гуауэщ...
Лъагъунытъэ жэуапынщэм и бэлыхьым
НихуСат ар пильэжьным и щхьэр...
Ельагъу ар Алыхьым! Пэлъэщакъым щIалэр
и гурыщIэм...

Лъагъунытъи щабагъи имыщIэу,
ЗыщIыпIи зэкъмыпIащIэу кIуэрт и гъащIэр...
Здэкlуэр дэнэ? ЩIэкIуэр сыт?
А упщIэм зыми жэуап хуемыт.
И фIэщ мыхьэжу и кIэн кьикIыр,
Насып ныбжьыщIэм кьыльыкъуокIыр! -
ТхьэIуху д цыкIу и гурыхьым
Трехьр и псэм тельэ бэлыхьыр:
Пэмыплъэхъаэу, пщым ипхъу пщащэм
КьыхуегъэнаIу э и гуращэр!
ЗэщIегъэплъэкрэ лъагъунытъэм,
Гушхуэу гур кьыщоу эр и бгъэм..
Хуитщ гъащIэ гъуэгур,
ЩхьэхуитI хьуащ и гур...
ИкIи Алыхьым хуищIу фIыщIэ,
Гугъатэ куэдкр кьыззэрIещIэ, -
Кьыкlынщ хуэм-хуэму тхьэмыщкIапIэм,
Iэпэгъуу иIэмэ лэжьыгъэр,
КьехьулIэфынущ цыхьэ гугъэрI..
Кьо тэдж пщэдджыжьми нэху мыщу,
Жэщ хьухукIэ джыдэр егъэлащэ,
УзыIэпишэмэ лэжьыгъэм,
Кьыббгъэдыхьэжькъым щхьэхынагъэр...
Пщапэ зэхэуэм и ныбжь ышIыу...
Мэз кIыфI дзгужьым кьыщхьэцхьэ, -
Хьунщ, иракlунщ нобэрей Iуэхукlэ!..
Цей кьуащIэ фIеймкIэ
ИрельэщIэкIри пщIэнтIэпсыр,
Ауан зищIыжу йогупсысыр:
«Нобэ сэ кьэзлэжьар жыдэкIэ
Игу ирихьыпхьэщI сонцэджрэм.
Иджы хъ ущ игъуэ сежьэжьыну,
Унэм нэхъ щIэ х сынэсыжьмэ,»
Джыдэр кьещтэжри, епIэщIэкIыу
Йожьэжьэр, жыг зэхуакуэхэм дэкIыу...
Бгъэдохьэ хуэмурэ псынэпсым,
А псыр куэд щIауэ и нэIуасэщ...
Псы щIыIэм йофэр зиплъэнщIыу...
Налкъут щыгъэм ещхьу ткIуэпсэхэр
И жьакIэ фIыцIэм пылъщ уэсэпсу...
Мэбаеу и гур псэхужауэ,
ЗыкьещIри Iэдакъэжьауэ
Пхроплъыр мэзым и щIэплъыпIэм...
Уэсылъэ къурщхэм я дыгъапIэр
Додыхьэрэн пщыхьэщхьэ пшэплъым -
Нэсащ и щыгъуэ ичындым,

МэтIыс,зыльехьыр гуэншэрыкъыр,
Андезыр ещтэ, кьохьэж и щхьэм
ФатIимэу и насып гуэхэлъым
Кьыжрпlауэ щыта псальэр:
«Ущыlэми уэ дэнэ щIыпIэ,
Уигу иумыгъэху ди Алыхь лъапIэр!..
Ар гущIэгъульщи и Iизынырщ
Насыпыр кьытхуэзыхьыфынур».
Мэхъу фIэгуэныхь цыхьэ псэ кьабзэр,
Iэжьакlуэ лIыр кьыщIыщIигъэкIэ,
«ТIэкIу зыщыскхьыж!» - жиIэу кьеубзэу,
И нэпсхэр кьекIуэу кьыщелъэIукIэ...
«Нэхь мащIэ сщIынуи лэжьыгъэр,
Ар схулъэкIыну уи мыгъгъэ...
НэгъуэщIхэр уэ кьозгъэфIэкIыну,
Уезгъэхьуэпсэну я псэукIэм,
Iлыуэдэ схуэзэфIэмыкIыну...
Хьэу э! Хьэуэ!.. - кьытригъаззэу,
Аргу эру лъаIуэрт, лъаIуэрт фызыр..»
И гукъэкIыжхэм дахьэхауэ,
ЛIыр и пащIэкIэ щIогуфIыкIыр,
Ауэ макъ гуэр кьызэихауэ,
И нэгури кьызэхэуэжауэ,
ТIэкIу кьэшынауэ щызэпIэкIым,
Ауан зищIыжу погуфIыкIыр..
Зэт! Чыцэм зыгуэр кьыпхьыкIым ещхьщ...
«Ар, Тхьэм ищIэнщ - тхьэкIумэкIыхьщ...
Сыкъэбгъэщтан машIэу назэм
Уэ пхуэфIым сэ ух уэзмыгъазэм! -
ЗиущхуэжакIэщ, шынагъэнущ.-
Уэзгъэльагъунт сэ фоч сыгъатэм».
ЗэщIощымэжри псори,
Андезым пищэу Iэр щыхищIэм псым,
Аргуэру чыцэр кьагъэсысыр...
КьыпогуфIыкI:
«И закъуэмэ, тхьэмыщкIэр
Жэщ кIыфIым егъэшынэ и псэр IукIыу...»
Зэхеуфэ машIэу и нэщхьыр:
«Жамболэт мы лъахэм кьызэригъэзэжрэ
Ара хьуауэ щышынэ лъыщIэжым?..»
Аргуэру чыцэм зыгуэр кьыщоущхьыщхьыр!..
Фочи мауэ...и макъыр джэрпэджжэу
Гъ ягъуэу ау з эвж эм дэкIуэдэжу,
Эм зы лъэныкъуэмкIэ, адрейми э эм зигъазэу
Щыьэпэджащ ар куэдрэ ауэхэм...

* * *

«Тхьэрыкъ уэр игу кьихьауэ и щIасэр,
Арагъэнут уафэгу хуитым щесу». -
КьыщIэзэхихьм фочауэ жьыжьэр,
Iэхьуэ щIалэр кьотэдж, зимыIэжьэ у,
Бгъэм щызу зыжьэдешэри акъужьыр,
Кьыхедэз фIыуэ ильагъу уэрэдыкъыр:
Абгъуэм йоэзышхь тхьэрыкъуэ пщIэур,
И лъагъунытъэр къэсыкъым е жьэу,
ЕгъэIу дзапэ уэрэду гухэль щэхур...
Кьэ лъатэт нэхь псынщIэу, си ныб жьэгъур,
Уи лъагъунытъэр йоэзышхьыр абгъуэм!
Тхьэрыкъу эм зэхихкъым и лъэIур и щIасэм,
Эрянэщхьэйр имыльагъу, зэрызэшыр!
Уи лъагъунытъэм у емыжьэ, си тIасэI -
Абы, кьытехуащи жагъуэгъу жьалышэр,
Уэм кье хуэхъуэ щыхокI и псэр губгъуэм,
Сэламыр кьуихьыжу, хуеплъэкIыу уи абгъуэм...

VII

Пщыхьэщхьэ пшэплъым дыхьэрэну
Пелькlыр кьуршхэм я щхьэщыгур...
Кьуаж эм докьэж хьушэр щхьэхьынэу,
Iугъуэр Iэрамэу докlыр жьэгум...
Щэрджэж хьыджэбзэ зэрызекъуэу,
КхъущIи яIыгъыу макIуэ псыхьэ,
Iэджэ щIауэ я кхъущIым
Из хьуам псыр, я уэрщIэрыныр,
ГушыIэ дахэр ягу пымыкIыу,
Джэгуу зэхэтщ, зэбгрымыкIыу.
Сыт абы щхьэкlэ! Иреджэгухэ
Трагъэужу я щхьэр мащIэу,
Тегупсысыкlрэ тIэкIупрэ я гур
ПIэщIэу я унэIут гъащIэм,
Нэпсыкlфlэу кьадзэжэгу псы кьабзэм
Гукьеуэ щхэхуэр ирагъэзу...
Кьэгъэззэнщэу ирехьэх кьыршпсым
Хьыджбзэхэм яIэпхыуу хэхуэ нэпсыр,
Ар и гъуэгу мыкIэщIым щигъэжабзэу
Ирехьэхри хекIэжьр тенджызым...
Псы щIыIум щхьэщыIукI пщащэ уэрэдыр
Зыгуэрым щыщыщIэу зэпэуджыр...
Блэкlам и макъым игъэщта хьыджэбзхэр
Зэбгрожьыжхэр пIащIэрэ кIэзызу...
Зэхоуэ пшапэр,щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу
Зэбгрыкlыжри, ФатIимэ и закъуэу
Кьыхэнащ и кlыфIым псыхьэ жэщым
ЕдаIуэу кьурпшыс щыкlым и даущым,
Тольхьэкlфlэу кьынбж уи гугъэну зырызу
Нэщхьейуэ и нэхэр теплъэзэ у.
Йожжьыр ахэр темыпIэу,
Бжьгъэншэу, зым адрейр кlэ лъеIэу,
Нэжгужжэу кьрашу пшынальэ,
Мывэ щIыкIу кьапэщIэхуэхэм йольэ.
Гурыщ1э дапщэ а пшынальэм хэльыр,
Сыт хуздэ нэпс игъэжбзэр тоукъынымI
Пщыхьэщхьэ пшэплъыр мэункlыфIыж,
Ешауэ щыр жейм хельэфэжж...
Нэбэнэушэ гупсысэхэм яIыгъыу,
И бгъэр кьрисыкIыу ныгъэ пшэплъым,
Цхьэгъ усэм псынщIэу IущIэжьынкlэ гугъэ у,
Йожьэж, зэ укъэсыжтэм, си псэм хуэдэ,
НыбжькIэнут фIыуэ пльагъу уэрэдыр,
Уи щхьэр щабэ у си бгъэм кьебгъэщIауэ,
Ущысынт ба Iэфlкlэ узгъэнщIауэ...
Псыри мэгъэшр, йожэх зеиншафэу...
Цыхубзыр щхьэ Iэмукlжьыфрэ псым и Iуфэм?
Уэсым щIэнэхукI кь урышщхьэ хужьым
ЩIыIэтыIэу кьожьэхьыр акъужьыр...
Жэщ мыджжэмыпIэм, хьарпшэру и ныбжьыр
Кьыхэувыкlри ди лIыхьжьыр,
ГуфIэкlэ нэпцым зэригъальэу нэкlущхьэр,
Кьихутащ ФатIимэ и пащхьэм...
Цыхубз тхьэмыщкlэм гукъэкlыжхэр,
Акъыл кьэщт ар эощIигъэутхэуэ,
Кьытоэзрыгуэ псы кьиуауэ,
Гум, зэрыль бгъэр кьеэзвэкlыжь,
Зехуэзыр бауэкIэщ кьэхьуауэ...

ФатIимэ и ролыр егъэзащIэ КIуэкIуэ Тамарэ.

TIэкIу зыкьещIэжри, щIэпхьуэжу
ЗыщIрикъыжьым - еIэ-епхьэ у,
БлэкIыпIэ гу эри имыIэжу,
ЛIыр занщIу кьытоувэ лъагъуэм..
- Текl си гъуэгум!
ЛIыр погуфIыкIыр ауаныщIу ...
- ИплъхьэР сыт уи гум?
- Сэращ узэйр уэ, ар зэгъащIэ...
- Насыпынэ! Укъэ тIыIуащ уэ, пщIащ кIасэIу э, -
ЩыIэжкъым япэрей ФатIимэр...
Сыткlэ ухуей си напэтехьм?
ПфIэмащIэ схьар сэ сыкьеГьыхьыу,
БампIэр имыкIыу гум и бжэIум,
Зэгуэр щIалэгъуэм ста тхьэрыуэм
И гьбзэу зэпымууэ кьаджэм
Си псэ ешар игъэсымаджэу?
Мы зыри хьэкъыу зыпхыгъэкI -
Иджы сызейр сэ Иберэхьимщ,
Сринэмыс у, насыпу, тынышгъуэу.
Хьунущ умыщIми уэзм,
БлэкIар трихужакIэщ пшагъу эу,
ЩыIэжкъым лъагъунытъэ кьабзэу
Тхьэ щIэпIуэгъари ещхьыркъабзэу...
Абдеж еущIри ину IэпIлэр,
КьокIуатэр лIыр, IэфIагъам хуэIэу...
ФатIимэ эуэ кьыхощтыкIыр,
Лъыр щхьэм дуоей акъылым хикIэу...
- Егупсысыж пщIэм, акъылыншэ,
Си анэ щIыхьэкр хэутэн
Сэ зыми ищIу хуэзмыдзэн,
Щымыльклэ уи гум зы гущIэгъу,
Сэри Алыхьым кьыхсхуигъэгъу... -
ЩIыбкlэ йокIу эт, зрегъэзыс,
Зы мывэ кьещIэри, еIэт...
- СыукI!- кьопсалъэ Жамбо лэт. -
Ауэ мы зымкIэ сынолъэIу,
Уэ я нэр щыкlэ кьыщIэдэIу
Си гущIэм кьысфIыкIыкIым псалъэу ...
Ажалкъым сэ сызыщыышынэр,
Уэ нобэ кьызэнта нэмылпъырщ
Сыпэмылъэщу сызыхьынур...
БжьэIоIэр мыр, Алыхьыщ зыщIэр
Уэр щхьэ игъэвыр си гурыщIэм,
Пхуэсщащи си лъагъунытъэр щызу
Зыхуигъэлажьэр гур уэ зырщ,
Сэ зыми ищIу хуэзмыдзэн,
ГъащIэр сиуэ хьынтэкъым, ФатIимэ...
Ар ещхьыркъабзэ хьунут хьэпсым,
Зыщыгугъын имыIэу си псэм...
ФатIимэ... кьыщIэгъэхьэжьыт нэгум,
Дыщыхьуам тлъэмыкIыу зэпэIэщIэ,
Бэлыхьу сыт хуэдиз хэтами уи гур,
А псорн сэри щызгъэващ си гъащIэм ...
Iэхьупъэ хьэр сльэфырщ,
ЧнутIым зэгуигъэзырт щыьфэр...
Ауэ а бэлыхь псоми сапэщIэ т,
Сыхьуным щхьэкlэ уэ уи унэIут...
ПщыгъупщIэжакIэ жэщым мазэм
Дыщафэ защIэуэр и бзийр
Щы щхьэукъуэжьым трильащIэу
Щыр игъэжеймэ,укьыхуэпIащIэу
Си Iэплэм,
Жэщкlэ дызэхуэзэу
Зэрыщытар?!.
- Куэдщ, къэвыIэж,
Иэох нэлат
А блэпIа псоми, Жамболэт!..
Ди натIэм кьритха ди гъащIэм
Дызыхуищэну псор дымыщIэ...
- Хьэуэ,ФатIимэ, хьэуэ,
Гуимыхуэж а жэнэт жэщх эр
Кьэмынэу зы пщыгъупщэжакIэу
Iэмал имыIэ си фIэщ кьуднкlэ!..
Пыкlащ ФатIимэ и фэр щэхуу,
Нэпсхэр кьащIохури из фIыщIэщхуэм,
Кьытолъэдэж нэкlущхьэм нахуэу...
Цыхубзыр щымщ...
- Ди Алыхь лъапIэ!
Ди гъащIэ псор ара джэгупIэу
Тхьэну ди натIэм кьритхауэ?
Мыпхуэдэу дыIэпIэкlыкlын журадыр,
УщIемыгъ уэжу пщIа уэ быдэу?..
- Араш, араш.. Ущыт узынщэ у!..
- Зэ умыпIащIэ т, зэтеувыIэ!
УиIэ жкъым апхуэдэ хуитынигъэ,
Сэращ узэйр щIэ, си лъагъунытъэ...
- Iукl акьылынщэ! Уи лъы фIеймкIэ
Пхынущ жэуап зэхэщIыхь псомкlи...
- Си лъагъунытъэр я жэуапу
Ищынщ ахэм псоми я пэ...
- КьурIэнкlэ сэри тхьэ сIуэфынущ,
Силь ИбрэхьимщIэжьыфыну...
- У мыхьэ тхьэгъэпIэ, ар уеенжькъым...
- Сыт а жьпIар?
- Абы хэлъыжькъым щэ ху.
- ЗэрымыщIуэ и насып кьихьар,
Пэмыплъэхъаэм хьуар кьыIэрыхьа,
Ильагъути фIыуэ, и нэхьуейр текIауэ,
Аращ уи Жамболэтым нуклауэ... -

Ныжимыбысу абы зыхуей псор,
Макъ ыкарууншэ хьуар зэщIокlэзызэ,
КьоIур хуэму цIыхубзым и гызыр...
- ФатIимэ!.. - щIалэр хощэIукI ерагъкIэ,
Ауэ цIыхубзыр кьлэрдээшу зэфIэщIакlэщ...
Кьыщпубыдым, тримыгъахуэу щIым,
КьыфlэщIэжри кьарууншэу и щхьэр,
КьытещIащ Жамболэт и дамащхьэм...
Жэщ жежжам дыщафэу щхьэщосыкlыр мазэр,
Акъужьым мэ гуакIуэр кьыдешыр ауэым...
Псы лъащIэм щIэль мывэ гъэлыпIэм
Имызагъэу, елъэ урэ щыхупIэм,
Толъкъунхэр зэрэ хьэхыр нэпкъым еуэу,
Тхъурымбэр кьаIурыхуэу бгым есэуэу,
Кьигъэльеижжмэ мывэ нэпкъым,
Зэхэльэдэжрэ щхьэхуэ зэхе зыхь.
Толъкъун хьыжьэр кьэ увыIэншэу йольыр-йохъур...
Ар кьыдэпльейм кьельагъу зэдэльхуэзэщыпхьыр.
ФатIимэ зимыщIэжу ильци и дэльхуэ Iэплlэм,
Жамболэтым и псэр пихуэзыкIыу щIолIэр.
Сыт зэрыгъур гур, зыхущIегъуэжыр?
Хэт ищIэрэ... араш, ар псэущ иджыри!
ЗыкъещIэжыр... хуэму нэр кьыззэтрехри,
МыпIащIэу зэрпелъыхьыр уафэ лъащIэр,
Вагъуэ уахьтыншэхэр и ныптым кьощыр гъуджэу...
ЩIэкIэ и нат1эр трельащIэ
ФатIимэ, сакъыуэр щIоупщIэ:
- СыздэщIэр дэнэ?.. -
Зеущэхури, хуэму зэфIоувэ -
Мыр фIэщхьгъуейщ! -

И Iуфэ дыдэм бжьэпэ лъагэм
Тельщ, дауи кьэна емыкуэхьыу!..
Кьхьэущынри дэнэ щыIэ?..
Кьыхуэльагъужьым, щымытыж...
Уэри пльэгъу акъэ си кьхьэущынир? -
ЩIоупщIэ,ауэ маэз нурым
КьыхелъагъукI зэрыщIыуар.
И гугъат тхьэмыщкlэм зэхихьыну
Ныбжьэгъу хьыджэбзым и ауаныр...
Лы мыщIыху гуэру кьытыр пащхьэм
Набдзэгубдзапльэу зэпеплъыхьыр...
- Кьыжкlэт занщIэ у, уэ хэт,
ЖьIэт, мыбдежми щхьэ ущыт?
- Накlуэ, дыкlужьынщ иджы ди уэ.. -
Цыхубзыр хущхьэу щIоIуэтыхьыр и нэм...
Дунейм аргуэру зегъэщIыхьэтыIэ,
БгымкIэ кьреиу ахърэт хьэуэ псыIэр.
Псыежжэкlыр мэтхьэджэ иджыри,
Хуемыгъэхьыу мы гуауэм и дыджыр.
Хуэмыыгъыу и нэпс кьыфIыщIэжыр,
Нэпс шыугъэр тенджызым ехьыжыр...
Мыбдежмэ нэгъущIым и гуауэр
ЩыьэхихущIэфкlым, игу кьеуэу...
СошIэжьыр сэри апхуэдэ ныдэсу
Зрегъежьащ Жамболэт и хьэдэр...
Хьэуэ, сошынэ, согузасэ...
- Умышынэ, уи дэтхъур уи гъ усэщ...
- ЛIыухI! ЗбгъэдэжкI..-
УIэгъэ ящIа хьэкlэжхъуэкlэу
Зреч, щIопхъуэ жри щхьэжьыгъаззэу,
Макъ IэпIыр, кIыфIыр зэг унгъэзу,
Кьызредзэкlри нэрыбгъэм,
Кьыхоlуькlыжыр зэ жещIбгъэм.

КIЭУХЫР

Тхьылъ джэ, умыщI уи жагъуэ,
Кьыптехьэльамэ, си хьыбар зэщIыгъуэр...
Ауэ сольагъури апхуэдизкlэ фIыуэ Кавказыр,
Мэзэшыр си псэр, тIэкIупрэ сыхуэмызэм.
Сыщыlащ иджыблагъэ а лъахэм
гъуэгурыкIуэу...
СыкъащIыхужакъым... кьуажэм зихьэжащ,
ЯтIэ чырбышу зэтельъащ я унэр,
Iэщэ-фащэм и пIэкlэ я блыным
КIэрагъэувауэ кlэрыщ гъуджэ...
Зимыхъуэжауэ зыкlи иджыри,
И джабэ щIанлъэ зэр жыпщащым зэщIиблэу,
Кьыр лаегъ закъуэрщ кьыщхьэщыгыр жылэм...
Япэми хуэдэу зэхэуфащ и нэгур,
Япэми хуэдэу нэщхьыщу топлъэ гъэгум...
Захъуэжьыр псоми - бзэм, я зыхуэпэкlэм,
Хеблэм ахъши щызэрахьэ хьуакlащ!..
ЕджапIи яIэщ...мес, ныбгыу тхьылыр,
И дыхьэшх макъыр зэрыльэпъу,
ЩIалэ цIыкIу гуэр кьыщIожьыр лъапIэу,
щхьэпцIэу,
Унэм кьыззэрыщIэха сабий г упым
Уэрамым тегу кьальагъури цIыхубз лъапIэ,
Иуэ ящIа ирихьыжьыр...
ЩIэуаану мо цIыхубз тхьэмыщкlэр,
Хэт мывэ кlэльеутIыпIэ, хэт зтIэ Iэшкlэ...
Уиимыщэ имыщIу, цIыхубзыр жыхуащIэ:
ПхуэфI сыхьункъэ сэри, умыпIащIэ,
Мыдэ зэмн унэкlуэжмэ зэ,
Сэ уэзгъэльагъунщ зэрызэран,
Адэжщэр усфIэхъуащ жьыIэмыдаIуи,
ЕштIымыщ кьоэгъэщIэну тхъэ тхуэзоIуэ...
Лы гуэр кьыщызольагъури гъуэгущхьэIум,
СоупщIыр:
- Хэ а цIыхубз насыпыншэ у,
Етауэ сабий гупыр зыльрищэр?
- Сэри мы кьуажэм куэд мыщIа
Сызэрыдэсри, сымыщIэ
И хъыбар пэжыр а цIыхубзым,
ЯIуатэ и щхьэр зэIымыбз у, -
Жэуап кьызетыр лы мыщIыхум, -
ФатIимэ делэщ... уэ уольагъур...
ИIэт абы зы щIалэ цIыкIуи,
ИтхьэIлжьыну кьнубыдауэ,
Кьыхуэзэри я етъажжакIуэр,
ЯIуатэр кьытрихьжауэ...
Гъатэм зы инженер гуэр
ГъэIурыкIуэу кьыдыхьати кьужжэм,
Сабийр щилъагъум щIэгъури и гур,
Здишауэ иригъаджэу, жаIэр...
ЩыхубзэделIэм зэрихьэу и щхьэр,
Мажэм дэ тщ уэрамым кьыджэдыхьу,
Псыхьэм зыкlуэ зэрыхьэу пщыхьэщхьэ,
Кьытоувэри псыхьэ нэпкъ задэм,
Гуу зу кьыхедзэ и уэрдэр:
Мэужьыхьжьыр пшэплъыр,
ЩIыIэр мэжеиж,
НэкъыфIыщI хьарпшэрэр кьохьэ уафэм...
Си гум зы лъагъунытъэр егъежж,
Кьэкlуэж, си псэм хуэдэ, кьэсыжи,
Схуэгъэгъущыж си нэпсу псэр зыуфэр!..
1889 - 1895 гъэхэм
Зэзыдзэкlар
УЭРЭЗЕЙ Афликщ.

«ФатIимэ» фильмым щ

Литературэм и хэлъхьэныгъэфI

●Тхылъыщ1э

СССР-м и Тхак1уэхэм я Зегухэ-ныгъэм 1986 гъэм хыхьа, Къэбэрдей-Балькъэрым литературэмрэ гъэздэжмк1э и Къэрал саугъэтым и лауреат (1994), «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм и унафэщ1 Ацкъан Руслан «Сонетхэр» ыф1ищэ и тхылъ иджыблагъэ дунейм кьытехьащ.

УСЭ, новеллэ тхылъ куэд зи1э усак1уэм и «Сонетхэр» тхылъым (и бжыгъэр 500 хьуу) кьыщыдэк1ащ 1905 гъэм щы1а Революцэм и ц1эр зезыхьэ республикэ полиграфкомбинатым. Ди лъэпкъ литературэм и екъул1эныгъэу къэпльытэ хьуну а тхылъым сонети 100 ихуащ. Филологиемк1э щ1ныгъэхэм я доктор Гъут Iэдэм тхылъым хуитха пэублэ псальэм и гугъу щещ1 сонеткI3 зэдж уэ л1ужьыгъуэм, ар ди лъэпкъ литературэм кьыщыхьыха зэманым, а жанрыр «къэзыгъэ1урыщ1ар» усак1уэхэм. Адэк1э ар топсэльыхь Ацкъаным и Iэдакъэщ1эк1эм: «Къэбэрдей усыгъэм сонетым зыщезыпщытахэм ящыщу Руслан и зэф1эк1ыр къэпльытэмэ, мыбдежым ар зыкъомым яп ищауэ жыпI3 хьунущ: абы сонет закъуэтIакъэ иус къудейкъым, атI3 мы усэ жыпхъэм иту усыгъэу щэ итхащ. ...а усиншэр гурыпльу кьыщыIуэтахэмк1э зэпэджэжу, темэк1э усэ зырызэрэ зэхэльми, ахэр зэхьхьэжмэ, зы усэ щэщ1а хьууэ зэрыщыгъыр нэрылъагъущ», - етх абы.

Ди гуапэу фигу кьыдогъэк1ыж Ацкъан Руслан и сонетхэм ящыщ ди газетым зыбжанзэрэ зэрытеддзар. Сонетищэ зи Iэдакъэ кьыщI3к1а усак1уэ адыгэхэр дэнэ кьэна, нэгъуэщ1 лъэпкъхэми зэрамащ1эр кьэпльытэмэ, литературэм иригъэча лъэбакъуэр зыхуэдэр кьыбгуроIуэ.

●Тхылъ гуапэ

Бешто Бэллэ и екъул1эныгъэ

Хабзэ хъуауэ, ильэс кьэс Дон Iус Ростов къалэм щрагъэк1уэк1 «Ильэсым и студент нэхъыф1хэр» зэпеуэ. Къалэ администрацэм и нэ1эм щ1эту кьыз1эрагъэпэщ1а зэхьэзэхуэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэр студент щ1алэгъуалэр кьалэм и Iэнат1э зэмылI3уэжьыгъуэхэм я зыужьыныгъэм, едэныгъэм, творчествэм, социальнI3 Iуэхугъэм жьджру хэтыныгрыщ, екъул1эныгъэхэр щ1ыпI3рагъэхьэныгрыщ, я щI3ныгъэм, зэф1эк1ым хагъэхъуэным нэхъри тегъэгушхуэныгрыщ. А псоми кьыдэк1уэу, мыхьэнэщхуэ ират абыхъм кьыкальхьэ жэрдэмыф1хэр нэсу къэгъэсэбэныным.

Къалэ администрацэм и унафэщ1ым и кьуэдзэ Леденеевэ Валентинэ зи пашэ комиссиэм «2010 гъэм и студент нэхъыф1хэр» зэхьэзэхуэм кьата лъжьыгъи 100-м щ1игъум я нэхъыф1хэр кьыхихащ. Ахэр щагъэлъэп1ащ Дон Iус Ростов дэт едкащI3 нэхъыщхьэхэм я ректорхэр, Къалэ Думэм и депутатхэр, администрацэм и Iэнат1эхэм я унафэщ1хэр зыхэта зэIущ1эм. ТекIуакIэм ираташ ахьшэ саугъэтхэмрэ ф1ыщI3 тхылъхэмрэ.

«Щэнхабзэмрэ гъэздэжьмрэ щызыI3рагъэхьэ зэф1эк1эр» номинацэм щытекIуащ ди лъахэгъу, Экономикэмрэ сервисымк1э Урысей Ипщэ кьэрал университетым и кьудамэу Дон Iус Ростов дэт Сервисымрэ туризмэмк1э технологие институтым и студент Бешто Бэллэ. «Версаль и жыг хадэхэм», «Зэмыф3егъуэм я кьалэ» фи1щэу ди игъэльэгъуэ щыгъыныгъуэхэр псоми гунэс ящыхъуащ.

Фигу кьэдгъэк1ыжьынщи, лъэпкъ нэщэнэхэр кьигъэсэбэну Бэллэ игъэхьэзыра «Дахэнагъуэ и пщ1ыхь» щыгъыныгъуэхэр Москва щекIуэк1а «Этно-Эрата» лъэпкъ щыгъынхэмк1э XI дунейпсо зэпеуэм нэхьапэIуэк1э щагъэлъэгъуэу щытащ.

УАРДЭ Женя.

Хущхъуэгъуэ зыхэлъ сурэтхэр

● Гулъытэ

Прохладнэр мы гъэм илъэс 245-рэ зэрыхъум ирашI3к1 Iуэху дахэхэм ящыщ зыщ къалэ сымаджэщым сабийхэм я узыншагъэм щыкI3тыныгъ и къудамэм щрагъэк1уэжьа «Сабийхэм - сабийхэм папщI3» зэхьэхьэр.

ХУДО ЖЕСТВЕННHЭ еджапIэм и гъэсэн щ1ыкIуэхэм пщ1ыджыжьым щ1адзэри сымаджэщым и кIэлындорхэм щагъэуват сурэт зэращ1ыну хьэпшIыпхэр. Зи узынщагъэр зэф1зыгъэувэжу мы Iуэхугъапи1эм щ1эль ныжьыщ1эхэм я гукъыдэжьыр кьиэтырт езыхэр к1эпыпп1ыуэ псыс3 зкуэмыдэхэм хэт лйыхъужьхэм я сурэтхэр ныжьыщ1эхэм я тхыгъэмпI3 напэхэм кьыз3рытехутэм.

Сабийхэм яIущ1ащ, епсэлъащ Прохладнэ кьалэ администрацэм и унафэщ1 Пархоменко Юлэ, абы и кьудэдэ Крецкий Евгений, -Урысей зэхьуэг- Урысей политикэ партым и щ1ыналъэ кьудамэм и Iэтащхьэ Скляровэ Татьянэ, Егъэджэныгъэмк1э управленэм и унафэщI Голубничий Сергей, кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ К1энщ1алы Анатолэ, Щэнхабзэмк1э управленэм и унафэщI Парафилов Дмитрий.

- Нэгъабэ едгъэк1уэк1ащ щыта Iуэхум пызыщ1ащ нобэрейр. Абы щыгъуэм сымаджэщ блынхэр сурэт щ1ыуэк1эп1ыкI3хэмк1э я ягъэщ1эрэщ1ат сабийхэм, - жиIащ Пархоменко Юлэ. – Я узынщагъэр зэф1эувэжьныжьмк1э ар хуэдэк1э нэхъ сабэп мэхьу сымаджэщ блын хужьхъм епльитауэ. Абы кьыдэк1уэу, художественнэ еджапIэм екIуалI3 щ1ыкIуэхэм ядэпл1ейуэ, зи зэф1эк1 зыгъэунэхуну хуеинуэри ныбжьыщ1эхэм кьаухэк1ынкI3 мэхьу.

ПАНФИЛЕНКО Людмилэ.

Жэпуэгъуэм и 16-17-хэм Щэрэдж муниципальнэ районым щекIуэк1ащ спортым и нэхъ гугъу дыдэ П1эужьыгъуэхэмк1э, экстремальнэ жьыуаIэхэмк1э, Кавказ Ищхьэрэм и янэрей фестиваль.

Щ1алэгъуалэр щызэпеуэк1э

АБЫ и кьалэн нэхъыщхьэу щытар удэзыхьэх нэгузегъэужьыкIэхэмк1э, зыгъэпсэхук1э щ1эщыгъуэхэмк1э Къэбэрдей-Балькъэру Республикэр Урысей псом щ1эрыIуэ щыщ1ынырщ.

Мы Iуэхур къезыхьэжьа Гериев Расул кьэзэрыльытэмк1э, Урысей Федерацэр кьапщтэмэ, зи гугъу тщIа унэтIныгъэ зэм зыщебгъэужьыныжьмк1э Кавказ Ищхьэрэм и дунейм хуэдэ уигъэлъхьэнущ. Iуэхур къызэрагъэпэщащ «Урысейм и Щ1алэгъуалэ жэрдэмхэр» жьлагъуэ зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м щ1алэгъуалэ туризмэм зыщегъэужьыныжьмк1э и кьудамэм и унафэщI Чабдаров Тенгиз, «М Драйв» жьлагъуэ организацэр, КъБР-м и Щэрэдж муниципальнэ районым и администрацэр. Мы фестивалыр егъэк1уэк1ыныжьмк1э акъылагъуэ ик1и дэIэпыкъуэгъу хьуахэщ Урысей Федерацэм и лЫкIуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щ1ыналъэм щ1ы3м и Аппаратымрэ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенэ.

Дэ, журналистхэм, а махуэм ди гъэзэгуанэр Налшык кьалэкIум щ1ыщ1идзащ. Пщэдджыжь уэфым сыхьэтыр 8-м Къэбэрдей Урысейм зэрыгугъуэрэ илъэс 400 щ1ик1ым и утым щызэхуэсу щ1адзащ Щэрэдж районым щек1уэк1ыну Iуэхум я нэгу зыщгагъэужьыну ик1и хэтыну ирагъэбгагъэ щ1алэгъуалэр. Республикэм и кьалащхьэр кьызэдэнэк1ауэ, Аушыджэр кьуажэм кьыщ1ыхьщт сэнтхым дыщеежэхьм дыльэ гуапэк1э кьыкIуэгъэзащ.

Ик1и асыхьэту щ1ы щхьэфэм пшагъуэ мащIэ тельыр тригъэкъэбзык1ащ.

Бабугент кьуажэм уф1эк1мэ, Щэрэдж ауэым дэпш1ы фэепльть гъащ1эгъьэн. Ар 1913 гъэм мы щ1ыпI3хэм щек1уэк1ауэ щыта, балькъэр мэкъумэщыщ1эжьм я «Щэрэдж зэщ1экъееныгъэк1э» зэджэм и щ1эк1э я ягъэува мывжьырщ.

Мыдджеи ди республикэмк1 зуэдэу, Шэшэн, Ингуш республикэхэм, Ставрополь крайм кьынк1 хьэщ1эхэм, фестивалым щек1уэжьну зэпеуэ зэмыдI3ужьыгъуэхэм хэгьну спортсменхэм, журналистхэм кьащхьапежьащ Щэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм и унафэщ1 Кьыдзэрэ Аслъэ гуапэк1э захуигъэзащ Щэрэдж районым Щэнхабзэмк1э и унэм и пэжьакIуэ, зи ныбжьыр илъэс 70-м щхьэджа, уэрэджэк1ауэ щ1эрыIуэ Уьбашев Азнор.

Адэк1э дэ псомк1 кьыщытпэплъэрт адыгэхэр «Щэрэджанэжк1э» зэдж, «Гъэл щхьэуантIэхэм» унэмыс, ищхъэрэк1э зыщыщыуфэбгъуэ хуей дахээшхуэр. Ар нобэрей махуэм хуэщ1ат: пшынальэхэр, пхъэм кьыхъэщ1ыкIа псэльапI3 лъагэшхуэр, лъакъуэрыгъажьхэр, машинэ хэр щыз3пеуэну кьэтъэжапI3хэр, щ1ыхуэхэр щыщ1ыхэну Iэнэ кIыхьхэр, абыхъм яхуэпщафIэхэр.

Ретевальр щек1уэк1ыну губгъуэм кьыщыз3хуэсахэм псалъэ гуапэк1э зыхуагъэзащ Щэрэдж раойным и администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махъты, спортымк1э министр Афл1эунэ Аслъэн, нэгъуэщ1хэмк.

Адэк1э утыкур ирагащ кьыз3хуэсахэм я гукъыдэжьк1эзытыным, гушы1эным хуэ1ззэ диджейхэмрэ Налшык кьынк1а уэрэджы1ак1уэ ныбжьыщ1э хэмрэ. Ап3у я зэф1эк1ыр кьагъэлъэгъуащ щэрхь щ1ыкIу зыщ1эт пъэрыжьхэмк1э кьэзыщыхьхъэм я гупым. Ит1анэ бгым хуэщ1а лъакъуэрыгъажэ хэмк1э джабэ нэпкъэжьм кьелъащ. Авиазэмк1э Дунейпсо центрым и президент Бегакэ Александр кьыздиша кхъухьтатэ щ1ыкIум епльпыну щ1ыкIу куэд екIуэлат. Александр зэрыжи3мк1э, абы хуэзфIокI, бензин мащIэ фIэк1а имыгъэсу, Налшык ик1ыу Москва нэс лъэтэну.

Ауэ псоми ящхьэжу, щ1ыпI3 зэхуэмыдэхэм кьынк1а щ1алэгъуалэр нэхъ дзэ1ыхьэхар «Джиппинг-Клаб» клубым хэт машинэхэм я зэджэкIэрщ. Абыхъм хухаха, кIапсэ щхьэуэк1эпп1ыкI3хэмк1э кьэхухьа гъэзэгу нащэкъащ1эм яп3 щ1ыкI3 «Джипп», «Нивамашинэхэр щ1ыз3пеуащ, ит1анэ я зэф1эк1ыр кьагъэлъэп1ащ «Уаз» машинэ хэм.

Щ1эжагъэущхэр къэсащ, Гъэщ1эгъэ1эт щхьыныгъуэ ягъэхьэзырахэр. Шыуанэхэмк1э ягъэвам нэмыщ1, зи кIыхьагъыр метри 10-м щ1игъу дзасэхэмк1и лы ягъэжьат. Мыпхуэдэ Iужьугъуэхэм папщ1э ягъэхьэзыра, зи бгъуагъыр метри 7 хьун жьэпхьаты ныжьмк1э балъкъэр дэлэн ягъэжьат. Щ1эджагъуашхэ нэужьым, Шэшэным, Ингушым кьынк1ахэрэ ди республикэм щ1ыщ1ащ1эгъуалэмрэ кьэфэнк1э зэпеуащ.

Спортым и экстремальнэ лI3уэжьыгъуэ хэмк1э Кавказ Ищхьэрэм я ягъэ фестивальым хэтахэм кьыз3рагъэпэщащ хьуащ.

Тхылъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*



Бжьыхьэр - Налшык и уэрам нэхъыщхьэм. *Сурэтыр* **ХУ ЖЬ Наталье** *трихащ.*

●Хэхъуэ

Инарэ, Самирэ, Амирэ

Щэрэдж районым кьыхьхьэ Жэмтхьэлэ Ипщэ къуажэм щ1ипсэу Болатовхэ я унагъуэм хъыджэбзищ зэуэ къахэхьуащ - Инарэ, Самирэ, Амирэ. Ильясрэ Iэминатрэ иджы сабиипI3 яIэщ, я къуэ нэхъыжьыр илъэсищ мэхъу.

Сабийхэр дунейм кьыщытехьэну хуагъэувапIэр къэсыным тхьэмахуи 8 хуэдиз иIэжу кьалъхуащ хъыджэбз цIыкIуэхэр. Республикэ сымаджэщым и лъхуапIэ къудамэм и сабий дохутыр Нартокъуэ Мадинэ зэрыжи1амк1э, пщащэхэр я нэIэ щIэтщ, я хьэлъагъым тIэкIу хагъахъуэмэ, щIатхыкIыжьынущ. Я анэр узынщэщ.

●Ди къалащхьэм

К1асэу гъагъэ удэхэр хасэ

Налшык и «Горзеленхоз» Iуэхущ1апI3м и лъжьакIуэхэм щ1адзауэ кьалащхьэм и щ1ыпI3 куэдым щыхасэ бжьыхьэм гъагъэ удэхэмрэ щ1ыпI3м и зэран зэмыкIыщхэмрэ.

МЫ IУЭХУЩ1АПIЭМ и мастер Хьэшыр Лидэ кьыз3рыджи1амк1э, абыхъм кьалэр ягъэдэхэнущ щк1Iуэгъуэ мазэр ик1Iыу. Иджыпсту хасэр епэр (фиалкэ), хризантемэ I3уэжьыгъуэхэр. Ахэр з3 епIыгъуэк1экъаруншэу п1ыгъу щхьэк1э, абыхъм хуэдэу щ1ыI3м п3щI3тыф къэгъэтыгъуейщ. Апхуэдэу мы зэманым зыхуэ1 хуагъаз3 Налшык и утхэмрэ Iуэхущ1апI3 щхьэхуэхэм я бжэIупэхэмрэ зыгъэдахэ клумбэхэр, к1эрэинк1э к1эрыщ1эхэр, абыхъм гъэмахуэ удэхэр кьэрхри, ирагъэтIысхьащ зи тхьэмпхэр щхьэуэк1эп1ыкI3 удз лъахъшэ щ1ыкIуэхэр.

Дыгъэгъазэм а щхъуантIагъэхэм я п1эк1э абыхъм псей кьудамэхэр ирагъэтIысхьэнущ. Иджыпсту бжьыхьэ дыщафэр нэхъри ягъэдахэ пщэдджьжь уэсэпсыр кьапылъэлъу дыгъэ бзий хуабэм зыхуэзыщ1ауэ гъагъэхэм. Абыхъм кьалащхьэм и Iупльапп1эхэм, уэрам нэхьащхьэхэм я мызакъуэу, Налшык паркым и щ1ыпI3 куэдми ящ1ырохьэлI3.

ЖАНХЪУЭГ Зуэ.

Сабийхэм я дзыхь зрагъэз

●Щ1э

Сабийхэм гущ1эгъэншэу хущытхэм пэщ1эту 2010 гъэм ирагъэкIуэк1а лъэпкъпсо хьыбарегъащ1э Iуэхум ипкъ итк1э, Щ1ытыкI3 гугъу ихуа ныжькьщ1эхэм ядэIэпыкъуныжьмк1э фондымрэ Урысей Федерацэм и щ1ыналъэхэмрэ зэгъусэу кьыз3рагъэпэщащ балигъ мыхьуахэм дзыхь зрагъэз телефон номер.

Жэрдэмщ1ак1уэхэм я Iуэхур даIыгъащ УФ-м и Президентым и Администрацэмрэ Сабийм и хуитыныгъэмк1э уполномоченнэу УФ-м и Президентым деж щ1ы3мрэ.

Дзыхь зрагъэз телефон номерымк1э псэльа сабийхэм чэнджэщ ират, апхуэдэуи ныжькьщ1эхэм я хуитыныгъэр кьыз3пызыIудэхэм ятеуху я хъыбарыр абыхэм къащхьэщ1ыжьныр зи къалэн Iуэхущ1апIэхэм яльегъэлэс.

Зи гугъу тщIы телефонхэм хуэдэхэр УФ-м и хэгъуэгу 56-м щ1ол ажьэ, щ1ыкIуэхэм ядоIэпыкъу Iэнат1э 271-рэ. Апхуэдэ гупхэр нэхъыбэу щ1ылажьэр курыт еджапIэхэрщ, жьлагъуэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щрат Iуэхущ1апIэхэрщ.

Сабийхэм дзыхь зрагъэз «8-800-2000-122» телефоныр Къэбэрдей-Балькъэрым щ1ылэжьэнущ щэкIуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ.

Абы теуху хъыбар нэхъыбэ къыщыбгъуэтынущ фондым и порталым – www.ya-roditel.ru, е КъБР-м и Правительствэм и порталым хэт КъБР-м Хьыбарегъащ1э Iэнат1эхэмк1э, жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щ1ылэгъуалэм я Iуэхухэмк1э и министерствэм и сайтым - www.pravitelstvokbr.ru.

ШЫПШ Даянэ.

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Хабзэхъумэм и сакъыныгъэ

КъБР-м и хабзэхъумэ Iэнат1эхэм жэпуэгъуэм и 25-м сыхьэти 9-м я кьагъуэтащ кьагъауэ Iэрыщ1 Iэмэпсымэ. Зэрыхуагъэфащэмк1э, абы и лъэщагъыр тротил зы килограммым хуокIуэ. Щ1эпхьаджащ1эхэм ар к1эщ1алъхьат милицэм и лэжьакIуэм и «Лада-Калина» автомашинэм и лъабжьэм.

Iэщ1агъэл1хэм кьыз3рагъэпэщк1э, кьатитхуу зэтет псэупI3 унэм деж щыт автомашинэр кьэуамэ, цIыху пщIы бжьыгъэхэр зэхэкIуэ дэнэк1э хьунут ауэ милиционерым и сакъыныгъэм а псори кьригъэлащ. И1ыгъэхэр и к1эщ1э абы автомашинэр кьыз3эпилпл1ыхьри, т1ысыпI3мк1э кьыкIэщ1эпI3ик1 к1апсэхэр кьыльэгъащ.

Iуэхур зэхагъэжI.

«Магнит» тыкуэным щ1ыдыгъуащ

Налшык кьалэ УВД-м и лэжьакIуэхэм яубыдащ Щоджэнщ1ыкIум и щ1эр зезыхьэ уэрамым тет «Магнит» тыкуэным щ1ыдыгъ уа, балигъ мыхьуа ныб жьыщ1итху. Абыхъ эм витринэ абджыр якъуэри, хьэпшыпрэ нэгъуэщ1 мылькуу куэд кьыщ1ахащ. Тыкуэным игъуэта хэщ1ыныгъэр зыхуэдизыр к1ащ1ыгъ.

Щ1ыпI3м кьыщагъуэтащ чырбыш кьутахуэ, «Отвертка» зытет кьэжжал банк1э.

Зэрыжа1эмк1э, ныбжьыщ1эхэр щ1эпхьаджагъэр щал3жьым чэфу щытащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м балигъ мыхьуахэм я Iуэхуэхэмк1э и кьудамэм и лэжьакIуэхэр хэту Iуэхур эхэгъэжI.

Москва къыпольэ

КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къальхьэ уэныгъэмк1э и Iуэхущ1апI3м Дзэлыкъуэ куейм хьыхьэ Дзэлыкъуэдэс кьуажэм щаубыдащ укIыгъэу тху илэжьауэ, цIыхухэм зыбжанэрэ ятеуауэ зыхуагъэфащэ, а куейм хьыхь Белокаменскэ кьуажэм щыщ цIыхухъур.

Щ1эпхьаджащ1эр Москва кьалэ ГУВД-м къэралым кьыщ1ельыхьуэ. 2010 гъэм фокIадэм и 16-м Iуэхур щызэхагъэкIым, конвойм кьыщ1эк1ри щ1эпхьэжащ.

Ар зэрагъэкъуаншэхэм ящыщщ Москва кьалэдэс цIыхуитI эрриуклар.

Социальнэ кьупльк1ь уи и лэжьакIуэу, языныкъуэхэми псапащ1э фондым и лЫкIуэу жи1эурэ, щ1эпхьаджащ1эр, и гугъэгъур щIыгъуу, зи ныбжь х эк1ут3хэм я деж щ1ыхьэрт, гущ1эгъэ уншэу я мылькур зы1эригъэхьэрт.

УФ-м и УК-м и 15-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуэхэм ягъэ ик1ыжьу, уголовнэ Iуэху кьа1эташ.

Жубыдар Дзэлыкъуэ я куей ОВД-м и ИВС-м щаIыгъщ, адэк1э Москва ГУВД-м Iэрагъэхьэнущ.

«Къэльыхьуэныгъэ» Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэк1а жэпуэгъуэм и 20 - 22-хэм яубыдащ Къэбэрдей-Балькъэрым щ1эпхьаджагъэ щызыIэжьа цIыхуи 112-рэ.

Сом мин 24-м щIигъу хэщ1ыныгъэ

Ягъэкъуаншэ Л. И., и ныбжьэгъу Я. А. щыгъ уу, Налшык Ашуровым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №22-м хэт фэтэрым щыпсэу З. М. цIыхубзым деж чэфу хьэщ1апI3 кIуащ. Пэшым здыщ1эсым абы гу льитащ щ1ыхьэпIэм деж щыт жьмоткIэ тель цIыхубзым и дыщэ гъэрыпсымрэ жьп телефонитIымрэ, адэк1э щэнт щхьэгуэм телъ ахъшэм.

Я. А. цIыхубзым зэрепсалъэр кьигъэсэбэпри, зи гугъу тщIа хьэпшыпхэр, сом 800 щыгъуу, псори зэхэту сом 24.250-рэ и уасэ, кьищтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмк1э министерствэу
КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апI3.

●Щэрэдж куей

Псыр зэрагъэхуабэ Iэмэпсымэр къэуащ

Щэрэдж районым щыIэ ОВД-м и пльыр къудамэм жэпуэгъуэм и 25-м Iэрыхьащ нэхущым, сыхьэти 4-рэ дакъикъэ 20-м, Зэрэгъыж къуажэм и курыт еджапI3 №1-м и Iэшэлъащэм кьагъауэ макъ зэрыщ1эзэхахам теухуа хъыбар. ИкIыщ1ыпI3к1э а щ1ыпIэм нэсащ КъБР-м и хабзэхъумэ Iэнат1эхэм зэхэзыгъэк1, псынщIэу зызыужь я гуп зэхэтIыр, кинологэр, кьагъауэ Iэмэпсымэхэмк1э Iэщ1агъэлIхэр, экспертхэр.

Къызэрыщ1эк1амк1э, токкIэ псыр зэрагъэхуабэ Iэмэпсымэр кьэуауэ арат.

Зыми фэбжь хихакъым, къэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэк1.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФ1ЫЦ1Э Мухьэмэд

РЕДАКЦ1М И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖЬэк1ымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьар Алик.**

ДИ ХЭЩ1АПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щ1эк1э щыI3 уэрам, 5, ебгъуанэ - епщ1анэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жьлагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмк1э - 42-22-86; кьуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апI3хэм ядэлэжьэныжьмк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ щ1ы3мохэмк1э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэкIак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апI3м - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщ1Iэта Iуэхугъуэхэм я пжьагьыныкI3 аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыгъкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынир и пщ1 дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщ1ынъхэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щ1ыныкI3 жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щI3ту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р3 кьыдокI.

1905 гъэм щы1а Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щ1эк1э щыI3 уэрам, 33, тел. 42-35-75.

***Мы къыдэжьыгъуэм елэжьахэмэ:* жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Бащэ ФатIимэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Иуан Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркI3 газетым и теплъэр ящ1ащ* **Ныр Сандрэ Мэлбахьуэ Анжелрэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жанэщ1.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнат1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3043